O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYaZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

TA`BIYaTTANIW HA`M GEOGRAFIYa FAKUL`TETI

BOTANIKA KAFEDRASI

5140400- Biologiya ta`lim bag`dari 4- kurs qaraqalpaq topari talabasi
Kallibekov Baxramnın`

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

**Tema:** «Tiykarg`ı miywe ag`ash tu`rleri ha`m olardı o`siriw jolların u`yreniw»

Ilimiy basshi: b.i.k. R. Atamuratov
Kafedra baslig`i: b.i.k. M.T. Baltabaev

Kafedranin` 2014-jil 8-may kungi o`tkerilgen ma`jilisinde dodalanip, jaqlawg`a jiberildi. №10 is qag`azi.

No`kis-2014

**Tema:** «Tiykarg`ı miywe ag`ash tu`rleri ha`m olardı o`siw jolların u`yreniw»

Ж О Б А:

Kirisiw…………………………………………………………………....3

1-Bap.Qaraqalpaqstannın` fizika-geografiyalıq xarakteristikası…………………………………………..……...5

2-Bap. İzertlew tariyxı, ob`ektleri ha`m metodikası……...………….10

2.1. Jumıstın` izertlew tariyxı……………………………………….10

2.2. Jumıstın` izertlew ob`ektleri ha`m metodikası………..………….11

3-Bap. Miywe ag`ashlarının` biologiyası……………………..……13

3.1. Botanikalıq sıpatlama………………………………………….13

3.2. Tamır sisteması..……………………………………………….16

3.3. Bu`rtiktin` qa`liplesiw mu`ddetleri..…………………….……..20

3.4. Jer u`sti bo`limi……………………………………..……21

3.5. Miywe ag`ashlarındag`ı jaslıq da`wirleri…………………………22

3.6. Miywe ag`ashlarının` na`llerin egip o`siriw………………………23

4-Bap. Sabıw ha`m sabılg`an na`llerge forma beriw…………...….......27

5-Bap. Tiykarg`ı miywe ag`ashları ha`m olardı o`siriw texnologiyası…………………………………………….32

5.1. Alma……………………..……………………………………….32

5.2. Almurt……………..…………………………………………….33

5.3. Biyi……………………………………………………………….34

5.4. Erik……………………………………………………………….36

5.5.Shabdal………………………………………………………….....37

Juwmaqlaw…..……………………………………………..……… 38

Insan o`mirinin` qa`wipsizligi…………………………………...40

Paydalanılg`an a`debiyatlar…………………….………………………..48

Қосымша материаллар………………………..……………………50

# KİRİSİW

**Jumıstın` aktuallıg`ı:** O`zbekistan Respublikası Prezidenti I.A.Karimovtın` 2007-jıl19-noyabrdegi "2011-jılg`a shekem bolg`an da`wirde farmatsevtika tarmag`i karxonaların modernizatsiya qılıw, texnikalıq ha`m texnologiyalıq qayta u`skenelew dasturi haqqında» g`ı farmani farmatsevtika karxonalarının` islep-shıg`ıw quwatlılıg`ın asırıwg`a, eksportqa jiberiletug`ın o`nimler islep shıg`arıwg`a sonday-aq xalqımızdı da`ri-darmaq ha`m azıq-awqat o`nimlerine bolg`an talap ha`m mu`ta`jligine qaratılg`an. Xalıktı taza miyweler menen ta`miyinlewdi jaqsılaw, xojalıktın` jan basına paydalı bul o`nimlerdin mug`darın a`dewir ko`beytiw en` tiykarg`ı wazıypalardan biri esaplanadı. Bul wazıypalardı sheshiw ushın ha`zirgi waqıtta u`y kaptalı tamarqa jerlerinde miywe ag`ashlarınının` qurg`aqlıqqa ha`m duzg`a shıdamlı turlerin egiw arqalı bag` jaratıw xalqımızda da`sturge aylanbaqta.

Elimiz g`a`rezsizlikke eriskennen keyin ilim jetiskenliklerin o`ndiriske engiziw jolı menen bag`lardın` zura`a`tliligi 100 tsentnerge shekem juzim bag`larının` zu`ra`a`tliligin-120 tsentnerge shekem jetkeriw belgilenip otır. Bunın` ushın barlıq mu`mkinshilikler bar.

Elimizde azıq-awqat bag`darlamasının tabıslı sheshiliwinde u`y kaptalındag`ı tamarqa jerlerde miywe ha`m juzim bag`ların bina etiw u`lken rol oynaydı. Respublikamızdın` bag`manları: miywe ag`ashların olardan jokarı zura`a`t jetistiriw boyınsha bahalı ha`m ko`p jıllık, bay ta`jiriybeler topladı, bug`an O`zbekstannın` klimat sharayatları qolaylı jag`daylar jaratpaqta. Mısalı, may ayında jer tutı (zemlyanika) ha`m chereshnyanın` orta piser sortları, iyun` ayında—eriktin`, erte piser sortları, malina, smorodina, nyul`de—avgustta—miywelerdin` ha`m juzimlerdin` orta piser sortları, sentyabr`de —oktyabr`de —alma, almurt, biyi, anardın kesh piser sortları pisip jetisedi, olardın` zura`a`tin puxta turde saklag`anda kelesi jıldın` aprel`, may ayına shekem zaya etpey jst-keriuge boladı. Xalıqtı jıl dawamında taza ha`m keptirilgen miyweler ja`ne jemisler menen ta`miyinlewde u`y kaptalı tamarqa jer iyelerinin, qosıp atırg`an u`leslerin esapqa

alıp, hukimetimizdin` xalıktı u`y kaptalı uchastkaları menen ta`miyinlew haqqında karar kabıl etildi.

U`y kaptalındag`ı bag` shan`araqlardı ovoshlar ha`m miywler menen ta`miyinlew tek kosımsha rezerv bolıp, qalmastan, al jaslardın aktiv dem alıu ha`m miynet etiwge ta`rbiyalaw" ornı bolıp ta ssaplanadı.

Hawası gazlar, shanlar, zıyanlı mikroorganizmler menen pataslang`an a`sirese kalalarda ha`m sanaat oraylarında miywe ag`ashların egiwdin` sanitariyalıq-gigienalıq roli juda` ulken. Miywe ag`ashlarının` ha`m putalarının` gullew ha`m miywelerinin` pisip jetiliw da`wirindegi estetikalık, a`hmiyeti de dıkqatqa ılayıq.

**Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları:** Bizin` tiykarg`ı wazıypamız joqarıda ko`rsetilgen ma`mleketimiz qoyg`an talaplardı iske asırıw boyınsha islenip atırg`an isler haqqında mag`lıwmat beriw menen birge tiykarg`ı miywe ag`ashlarının` biologiyalıq o`zgeshelikleri ha`m egiw agrotexnikasın oqıwshılarg`a u`yretiwden ibarat:

- Miywe ag`ashlarının` tiykarg`ı organları
- Bu`rtiktin` qa`liplesiw mu`ddetleri
- Miywe ag`ashlarının` na`llerin egip o`siriw
- Sabıw ha`m sabılg`an na`llerge forma beriw

**Jumıstın` izertlew metodikası:** Bizler ta`jiriybeni No`kis qalasında u`y qaptalı uchastkasında o`tkerildi.

**İzertlew obekti ha`m pa`n.** Ko`p jıllık ag`ash deneli miywe ag`ashları-tiykarg`ı izertlew obekti bolıp xızmet qıladı. İzertlew pa`ni – biologiya, morfologiya, ekologiya, fenologiya, ko`beyiw usılları.

**Bitiruv malakaviy ishning strukturasi va xajmi.** Bitiruv malakaviy ishi 53 betdan iborat bo`lib, kirish qismidan, oltita bobdan, xotima, xulosalar, tavsiyalar va ilovalardan iborat. Ishda 3 ta jadval va 11 ta rasm keltirilgan. Foydalanilgan adabiyotlar ro`yxati 22 manbadan iborat.

# 1-BAP. QARAQALPAQSTANNIN’ FİZİKA-GEOGRAFİYaLIQ SIPATLAMASI

Qaraqalpaqstan Respublikası Amuda’ryanın’ to’mengi quyar ayag’ında Qara-qum menen Qızıl qumnın’ qosılısqan jerinde jaylasqan, ol 159,2 mın’ km jer maydanın iyeleydi, bul O’zbekstan territriyasının’ 37% in quraydı.

Qaraqalpaqstannın’ h’awa rayı qurg’aq` qısı suwıq, jazı ıssı boladı, jıl h’a’m sutka dawamında temperatura keskin o’zgerip turadı. Hawa rayının’ keskin kontinetallıg’ı qubladan arqag’a qaray ku’sheye baslaydı.

Ortasha jıl boylıq ja wın-shashın, qar mug’darı 70 mm den 100 mm ayrımashılıqqa iye. Olardın’ ko’pshilik mug’darı qıs h’a’m ba’h’a’rgi aylarg’a tuwra keledi, jazda h’a’m gu’zde ju’da’ az jawadı. Jawın shashınnın’ en’ ko’p jıllıq mag’lıwmatlar boyınsha Qon’ıratta 18 mm, Shımbayda 17 mm, No’kiste 15 mm al, aprelde h’a’m may ayında 20-25 mm ge shekem jawın-shashın boladı.

Ja wın-shashın mug’darının’ az bolı wı h’a’m h’awa rayının’ ıssı bolıwı sebebinen vegetatsiya da’wirinde awıl-xojalıq eginlerin suwg’armay o’siriw mu’mkin emes.

Qaraqalpaqstan ulıwma alg’anda ta’biyiy geologiyalıq orografiyalı, gidrogeologiyalıq, tariyxıy-geografiyalıq, ekologiyalıq, jer, klimatı sharayatı, florasının’ quramı h’a’m de xojalıqta paydalanıwı boyınsha tiykarg’ı u’sh bir-birinen ajıralatug’ın ta’biyiy rayong’a bo’linedi. To’mendegi Amuda’rya quyarlıg’ı, Qraqalpaqstan Qızılqumı, Qaraqalpaqstan U’stirti h’a’m tu’slik Aral ten’izinin’ qurg’ag’an ultanı. To’mendegi Amuda’rya ol fizika-geografiyalıq region sıpatında Tu’ye moyınnan Aral ten’izine shekemgi ken’islikti o’z ishine aladı. Ulıwma maydanı 245,2 mın’ $km^2$ bolg’an bul ken’islikke Qaraqalpaqstan Respublikası, Xorezm oblastı h’a’m de Tu’rkistannın’ Tashawız oblastı kiredi. Amuda’ryanın’ deltasında allyuvial tegislikte Qusqanata 7 (134 m ten’iz qa’ddinen joqarg’ı bolg’an) Shag’ırlı, İytqır, Porlıtaw, Qırantaw, Qızıljar, Nazlımxan sulıw, Toqtaw, Qubataw sıyaqlı qaldıqlı to’beshikler ushırasadı, lekin bular ko’p bolg’an maydanlıqqa iye.

Ha’zirgi waqıtta Amuda’ryanın’ h’a’mde onın’ deltasının’ gidrografiyalıq strukturası ju’da’ qıyın. Da’rya ag’ısının’ shep jag’ında h’a’rekette bolg’an Kipchak, Rawshan on’ jag’ında Qırıqqız, Nayman, Qızketken, Kegeyli, Quwanıshjarma, Mayjap h’a’m t. b. kanallar jaylasqan.

En’ iri ko’lleri Sudoche, Dawıtko’l, Qarateren’, Aqshako’l h’a’m t.b.

Klimatlıq qatnasına qarap Amuda’ryanın’ to’mengi jag’ın qubla h’a’m arqa eki zonag’a bo’liwge boladı. Qubla zonanın’ ortasha jıllıq temperaturası +4,7° +12°, yanvar ayında ortasha temperatura -4,6° dan -6,7°S shekem, al iyul ayında +27,2 den +28,4°C nı quraydı. Qubla zonadag’ı h’awanın’ absolyut maksimal temperaturası +30 dan 47° g’a shekem.

Arqa zonanın’ klimatlıq sharayatı qublag’a salıstırg’anda qattılaw keledi. Zonanın’ ortasha jıllıq temperaturası-8,8°-9,8°C yanvar ayındag’ı ortasha aylıq temperatura-7,2° dan -9,8°S.

İyunl ayında +25,9 dan 28,3° qa shekem absolyutlıq maksimal 42° dan 44° g’a shekem absolyutlıq maksimal 29,9° dan 34°S g’a shekem, jawın-shashınnın’ jıllıq summarlıq ko’rsetkishi 82-121 mm di quraydı. Ha’zirgi delta joqarg’ı allyuviallıq qaldıqlar menen rawajlang’an h’a’m de mexanikalıq quramı h’a’r qıylı. Ko’binese suwg’arılatug’ın allyuviallıq maydanlar, sho’lli ken’isliklerden h’a’m tag’ıda basqalardan ibarat. Florası 600 tu’rden aslam, o’simlik resurslarına ju’da’ bay rayon.

Qaraqalpaqstan Qızlıqumı bul ken’ jalpaq tegislik (ten’iz betinen 75-100 m ba’lentlikte) pa’s tawlar, do’n’ler qum dizbeklerinen ibarat. Maydanı 3,5 mın’ $km^2$ tan zıyat.

Bul tegisliktin’ pu’tinligi arasında geybir sheklengen oylar menen eski qaldıq to’beshikler arqa ta’repten Belta w (145 m ten’iz betinen) qubladan Qulataw, jaqsı Ko’kshe, jaman Ko’kshe, Ayaz qala, Besto’be, onsha biyik bolmag’an Sultan wayıs taw (487 m ten’iz betinen) h’a’m de bir-birinen ajıralıp turatug’ın to’beshiklerden ibarat. Bul jerde bir qansha mug’dardag’ı a’yyemgi zamanlardan belgili eski (Aqshada’rya, Jan’ada’rya) an’g’arları h’a’m de burın

paydalanılg’an ko’llerdin’ ornı ko’plep ushırasadı. Qaraqalpaqstannın’ Qızılqumında turaqlı suw joq h’a’m de suw azlıg’ı menen jer astı suwlarının’ ju’da’ teren’de jaylasıwı jag’ınan ajıralıp turadı. Qaraqalpaqstan Qızılqumı h’a’m de Respublikanın’ ulıwma territriyası qurg’aq, kontinental klimatı menen xarakterlenedi, jazı ıssı h’a’m de qısı suwıq bolıp keledi. Ortasha jıllıq temperatura +10,0° +12,5°C ol yanvar ayındag’ı ortasha temperatura -8,8-4,5°C iyulda maksimal temperatura +47°C ol absolyut minimum -31-38°C a’tirapıda. Bul jerlerde ko’binese arqadan h’a’m de arqa shıg’ıstan esetug’ın shamaldın’ u’lesi ku’shli.

Arqadan kirip keletug’ın h’awanın’ o’zi h’a’tteki jazdın’ basında suwıq tu’siwine ta’sir etedi. Ortasha jıllılıq jawın-shashınnın’ mug’darı 70-110 mm a’tirapında geyde onnan da az. Qaraqalpaqstan Qızılqumında tiykarınan sur qon’ır, otlaqlı boz, batpaqlı topıraqlar, solonchaklar, taqırlar h’.t.b. gezlesedi. Florası 700 tu’rden aslam, sho’l, tog’ay, puta, ot-sho’p, da’rilik o’simlik resursları ko’p.

Qaraqalpaqstan U’stirti Respublikamızdın’ arqa batısında jaylasqan U’stirttin’ territoriyası 56-58 arqa ken’isligi h’a’m de 41-30 shıg’ıs ken’islik penen sheklenedi. U’stirttin’ jıraları oylar menen qorshalg’an ol qubla jag’ınan ten’iz benen 190-246 metr biyiklikte jaylasqan burılma sıpatta bolg’an jerler menen sheklenedi. U’stirttin’ absolyutlıq en’ biyik jıraları 160-300 metrdi quraydı. (Qassarma h’a’m de Qarabawır jıraları) en’ to’mengi bo’limi 70-80 metrdi quraydı. Qaraqalpaqstan U’stirtinin’ ulıwma jer maydanı 72 mın’ km$^2$ florası 500 tu’rden aslam o’simlik resursları ot-sho’plerge da’rilik o’simlikler tu’rine bay region. Jer astı suwlar Qaraqalpaqstan :stirtinin’ klimatlıq o’zgesheligi bunın’ qattı kontinentallıg’ı h’a’m de qurg’aqlıg’ı. Hawanın’ ortasha jıllıq temperaturası +8,4+8,8°S U’stirttin’ arqa betindegi yanvar ayındag’ı ortasha temperatura -8-9°S ol oraylıq bo’liminde -6,0-8,6°S a’tirapında ol iyul ayında +27 den +34,8°S aralıg’ında arqa bo’leginde absalyutlıq maksimum +46°S g’a shekem jetedi, absolyutlıq minimum -29,9-37°S ge jetedi. Ko’binese shıg’ıs h’a’m arqa shıg’ıs samalları u’stemlik etedi. Tezligi 5-6m samaldın’ u’lesi ko’p jıllıq atmosferanın’ ıg’aldın’ summası 138-156 mm den aspaydı. Kebirlengen jerlerde tamırları topıraq

u'stinde jayılıp o'setug'ın boyı pa's o'simlik ajırıq, boyan, jantaq h'a'm basqada o'simlikler o'sedi. Usı atı atalg'an o'simliklerdin' ko'pshiligi uzaq jayla wda bag'ılatug'ın mallar ushın ta'biyiy ot-sho'p h'a'm sanaat ushın shiyki zat bazasın, onın' deregi qurılıs materialları bolıp xızmet etedi.

Ta'jiriybe o'tkerilgende No'kis meteostantsiya mag'lıwmatlarınan paydalandıq (keste-1, su'wret-1).

Keste-1

«No'kis» meteostantsiyasının' meteorologiyalıq mag'lıwmatlar ko'rsetkishleri

| Aylar | Ortasha temperatura, $^{o}$S | | | Hawanın' salıstırma ıg'allıg'ı, % | | | Atmosfera jawın-shashın mug'darı , mm | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2003 | 2004 | 2005 | 2003 | 2004 | 2005 | 2003 | 2004 | 2005 |
| Yanvar | -2,2 | -0,2 | 3,8 | 85 | 85 | 84 | 4,6 | 1,3 | 19,3 |
| Fevral | -2,2 | 3,7 | 5,4 | 78 | 57 | 80 | 18,8 | 21,4 | 0,7 |
| Mart | 7,0 | 10,5 | 14,5 | 74 | 57 | 57 | 27,4 | 0,0 | 6,6 |
| Aprel | 12,8 | 12,7 | 19,0 | 56 | 54 | 45 | 23,7 | 59,2 | 5,8 |
| May | 20,0 | 22,7 | 25,7 | 62 | 46 | 43 | 42,5 | 26,1 | 13,3 |
| İyun | 24,5 | 27,6 | 28,5 | 59 | 40 | 47 | 14,4 | 2,5 | 1,9 |
| İyul | 28,4 | 27,0 | 30,6 | 50 | 48 | 38 | 0,0 | 1,3 | 5,5 |
| Avgust | 28,1 | 26,6 | 26,3 | 50 | 42 | 44 | 0,0 | 0,0 | 5,0 |
| Sentyabr | 19,9 | 21,0 | 25,5 | 54 | 48 | 39 | 2,7 | 0,6 | 0,0 |
| Oktyabr | 13,7 | 11,1 | 13,6 | 52 | 49 | 50 | 10,8 | 1,8 | 0,5 |
| Noyabr | 5,2 | 6,9 | 4,6 | 75 | 75 | 64 | 25,0 | 5,7 | 3,9 |
| Dekabr | -0,4 | 1,4 | 0,7 | 70 | 77 | 79 | 3,5 | 8,8 | 42,3 |

Qaraqalpaqstan Respublikası jawın-shashın mug'darı boyınsha Orta Aziyada en' qurg'aq rayonlardan esaplanadı. A'muda'rya quyarlıg'ında jawın-shashın jıl dawamında birdey emes, onın' mug'darı 80-121mm. Ko'p jıllıq baqlawlar sonı ko'rsetedi, jıllıq jawın-shashın mug'darının 40 % ti ba'h'a'r aylarına tuwrı keledi (mart-may). Gul aylarına 20-30% (sentyabr-noyabr), 20-27% ti qıs aylarına sa'ykes keledi. Jaz aylarında jawın-shashın mug'darı 9-13% ti quraydı. Guzgi jawın-shashın (tiykarınan silpilegen jawın) topıraqqa az sin'edi, ol o'simliklerdin' o'sip rawajlanıwına kem ta'sir etedi. Qaraqalpaqstan Respublikasının' qubla zonası arqag'a salıstırg'anda 38m ba'lent jaylasqan.




1-su’wret. «No’kis» meteostantsiyasının’ meteorologiyalıq mag’lıwmatlar ko’rsetkishleri

# 2 -BAP. JUMISTIN` İZERTLEW TARİYXI, OB`EKTLERİ HA`M METODİKASI

**2.1. Jumıstın` izertlew tariyxı.** Miywe ag`ashların payda etiw ha`m juzimgershilikti rawajlandırıw jergilikli xalıqlar ushın u`lken a`hmiyetke iye edi.

Sonlıqtan Respublikadan tısqarıda miyweshilik o`nimlerin shıg`arıw ushın hesh qanday imkaniyat joq edi.

Bag`shılıq tuwralı mag`lıwmatlar da`slep V- a`sirde aq payda bolg`an. X- a`sirge kelgende biraz rawajlang`an. XIX a`sirge kelip sanaat a`xmiyetine iye bolg`an bag`lar payda etilip, olar awıl-xojalıg`ında salmaqlı orın iyeleydi.

Orta Aziya jergilikli bag`manları ko`p jıllardan beri bag`shılıq penen shug`ıllanıp kelgenlikten miywenin` jan`a sortların jaratıwg`a iye bolg`an. erik, shabdal, a`nar, badam sıyaqlı miywelerdin` jergilikli sortları ko`birek jaratılıp, olardın` ayırımları xasıldarlıg`ı, sapası ha`m jergilikli klimat sha`riyatına iykemlesiwi, keselliklerge ha`m zıyankelerge, qurg`aqshılıqa shıdamlılıg`ı menen ayırılıp turadı.

Tashkent-Orenburg temir jolı qurılg`annan keyin g`ana sanaat a`hmiyetine iye bolg`an bag`lar jaralıp, Rossiyag`a qurg`aq miywe jiberiw jıl sayın artıp bardı.

Keyinirek Tashkentten, Qırım, Frantsiya, Amerikadan jan`a miywe sortları alıp kelinip bag`lar do`retti. Bul keptirilgen miyueler Tashkent jag`dayına jaqsı iykemlesti. Na`tiyjede Tashkent a`tirapındag`ı Evropadan keltirilgen alma ha`m t.b. miywe sortları ken` tarqala basladı. Tashkentten a`ste aqırınlıq penen respublikanın` basqa oblastlarına da miywe sortları ha`m turleri ken` tarqala basladı.

O`zbekstanda bag`shılıqtın` rawajlanıwına 1885-jılı sho`lkemlestirilgen pu`tkil Rossiya bag`shılıq filialı u`lken unamdı ta`sir etti. Bul filial 1889 jılg`a kelip, Tu`rkistan awıl xojalıq organına aylandırıp, og`an akademik Rixard Rixardovich Shreder basshı bolıp saylang`an. 1997 jılı O`zbekstan teritoriyasında 22 mın` gektarg`a jaqın bag`lar bar edi (Kolesnikov, 1972)

Miywe ag`ashlarının` Watanı Orta Aziya. Za Kavkaze, Uzaq shıg`ıs, Qıtay, Xindstan, Birma, İran, Siriyabolıp bunnan 3-5 mın` jıllar ilgeri anıqlag`an. Ayırım

mag`lıumatlarg`a qarag`anda G`MA  da 3,9  million, Amerikada 1,2, Qıtayda bir million gektardı qurag`an.

O`zbekistanda bag`lar maydanı 1984-1985 jılları 200 mın` gektardan artıq bolg`an (Mirzaev,1987)

Bag`shılıqtı rauajlandırıuda bag`manlardan A.Bolatov, A.V.Michurin, R.N. Shreder, M.V.Rıtov, L.P.Simerenko, A.S.Grebnitskiy, A.V. Polukeevich, P.G.Shitt x.t.b. ko`p miynet islegen.

Lev Platonovich Simerenko 30 jıllıq ilimiy ha`m baqlaw jumıslarının` juwmag`ına 3 tomlıq «Pomologiya» kitabın jazıp, onda 3  tomı almag`a, w tomı almurtqa, 3 tomı shan`g`alaqlar tu`rine (shiye, ka`reli, erik x.t.b) arnalg`an.

**2.2. Jumıstın` izertlew ob`ektleri ha`m metodikası.** Bizin` izertlewlerimiz 2013-2014 jılları Qaraqalpaqstan sharayatında o`tkerildi. İzertlew ob`ekti etip tiykarg`ı miywe ag`ashları: alma, almurt, erik, shabdal alındı. Fenologiyalıq baqlawlar o`simliklerdi  u`yreniw talaplarına juwap beretug`ın S.Ya.Sokolova (1952) metodikası boyınsha ju`rgizildi. Fenologiyalıq baqlawlar ushın No`kis awıl xojalıg`ı kolledji janındag`ı, O`zİA Qaraqalpaqstan bo`limi Botanika bag`ındag`ı 10 tu`p miywe ag`ash turleri alındı. Bunnan tısqarı ha`r jılı turaqlı tu`rde Chimbay rayonı sharayatında baqlawlar ju`rgizildi. Bunda qıslap shıqqan  o`simliklerdin` jag`dayına, vegetatsiya xarakterine, o`siwi ha`m rawajlanıwına, miywelewine ha`m qısqa tayarlıg`ına ayırıqsha itibar qaratıldı. Vegetatsiyanın` baslanıw da`wiri etip bu`rtik shag`arıwdın` baslanıwı, al aqırı etip japıraqlardın` tu`sip bolıw waqtı belgilendi. O`simliklerdin` japıraqlaw ha`m gu`llew da`wirinde baqlawlar ha`r ku`ni o`tkerildi, al qalg`an waqıtları - ha`r 5 ku`nnen. Baqlaw waqtındag`ı o`simliktin` jag`dayı jurnalg`a jazıp barıldı. O`simliktin`  o`siw pa`ti (ritmi) sistemalı baqlawlar ha`m model` tereklerdin`  o`siw mısalı ja`rdeminde u`yrenildi. Ha`r bir ag`ashta 1 shaqadan esapqa alındı, yag`nıy segiz qaptal shaqaları (ag`ash ushının` ha`r ta`repinen ekewden). Qaptal shaqalar ag`ash ushının` orta bo`liminen tan`landı ha`m vegetativ shaqalardın`  o`siwi u`yrenildi. Olardın`  o`siwi ha`r 10 ku`nnen o`lshep barıldı. O`simliklerdin` o`siwinin` baslang`ısh basqıshı etip bu`rtik shıg`arıw ha`m japıraqlardın` ko`k

korpusı payda bolıwı da`wiri alındı, al tamamlanıwı etip shaqanın` o`siwdi toqtatqan ha`m ag`ash ushının` bu`rtik salıw da`wiri alındı. Bu`rtiklerdin` qa`liplesiw ritmi barlıq toran`g`ıl tu`rlerinde İ.G.Serebryakov (1954), Z.T.Artyushenko ha`m S.Ya.Sokolov (1953) usıng`an metodika boyınsha u`yrenildi. Toran`g`ıldın` vegetativ ha`m generativ bu`rtikleri shıg`atug`ın waqıttı anıqlaw ushın biz iyun` ayınan oktyabr`ge shekem izertlew ju`rgizdik. Materiallar qaptal shaqalarının` orta ha`m joqarg`ı bo`limlerinen barlıq ob`ektlerden bir waqıtta iyun`, iyul`, avgust aylarında ha`r 10 ku`nnen, al sentyabr`de ayına bir ret alındı. Analiz ushın 8-9 jıllıq o`simlikler alındı. Probalar 70% spirte qatırıldı.

Vegetativ ko`beyiw a) jas shaqalardı b) bir jıllıq shaqalardı shanshıw jolı menen u`yrenildi. 2010-jılg`ı bizin` ta`jiriybelerimizde ha`r qıylı jastag`ı 2 tu`rli toran`g`ıl boldı. Ta`jiriybe maqseti – jazda saplawdın` to`mendegi halatların anıqlawdan ibarat boldı` shanshıw ushın qa`lemshe alınatug`ın terektin` jasın anıqlaw, terektegi shaqalarda shanshılatug`ın orın ha`m qa`lemshenin` jetilisiw da`rejesi. Qa`lemsheler o`simliktin` ha`r qıylı vegetatsiya da`wirlerinde kesip alındı. Jazda ko`p jıllıq ag`ashlardan 100 dana qa`lemsheler alındı, al 2-3 jıllıq o`simliklerden 60 dana alındı. Ko`p jıllıq ag`ashlardan ko`k qa`lemsheler 30 danadan, bir jıllıq al na`llerden 10 danadan alındı. Bunnan tısqarı ha`r bir ta`jiriybe eki- u`sh ma`rte ta`kirarlandı.

Baqlaw gerbariy jıynaw menen birge ju`rgizildi. Du`zilisin u`yreniw ushın gu`ller g`alaba gu`llew da`wirinde alınıp, lupa astında u`yrenildi. O`lshew millimetrlerde ju`rgizildi.

# 3-BAP. MİYWE AG`AShLARININ` BİOLOGİYaSI

**3.1. Botanikalıq sıpatlama.** A`tir gu`lliler (rozidler) kishi klası ***Rosidae***. Bul kishi klassqa ag`ash, puta ha`m sho`p deneli pu`tin, keskilengen quramalı japıraqlı o`simlikler kiredi. Anatomiyalıq du`zilisi boyınsha a`piuayı perforatsiyalı tu`tiklerge iye, ju`da` siyrek za`n`gi perforatsiyalı tu`tiklerde boladı. Gu`li qos jınıslı, qos gu`l do`gerekli yamasa siyrek gu`l japıraqsız, aktinomorf ha`m zigmogorf, atalıg`ı sheksizden shekligi shekem, analıg`a a`piuayı tuxımlaslarına aporkarplı ha`m biraz rauajlang`anlarında tsenokarplı, analıq tu`yneshesi u`stiki, yarım u`stki, astqı tuxım endospemalı yamasa endospemasız. Bul kishi klassqa 18 qatar kiredi. Solardan en` baslarına toqtaymız. A`tir gu`lliler qatarı ***Rosales***. A`tir gu`lliler qatarına ag`ash, puta yamasa sho`p deneli o`simlikler kiredi. Olardın` japıraqları retli yamasa qarama- qarsı jaylasqan, a`piwayı yamasa quramalı, jan japıraqları boladı. Ust`itsası anomotsitli yamasa siyrek qosımsha kletkaları boladı. Tu`tikleri za`n`gi ta`rizli yamasa a`piwayı perforatsiyalı. Gu`lleri a`dette qos jınıslı, siyrek ayırım jınıslı, en`ber boyınsha jaylasadı, 5 ag`zalı. Atalıg`a ko`p sanda, siyrek belgili sanda boladı. Analıg`ı apokarplı, siyrek tsenokarplı, analıq tu`yneshesi u`stki yamasa astın`g`ı. tuxım bu`rtigi a`dette ko`p sanlı. Tuxımlı endospermalı yamasa endospermasız. Miywesi ha`r tu`rli tipte.

A`tir gu`lliler tuxımlası- ***Rosacaecae.*** Bul tuxımlasqa ko`binese japıraqları retli, siyrek qarama- qarsı jaylasqan, a`piwayı yamasa quramalı japıraqları, jan japıraqları bolg`an ag`ash, puta ha`m sho`p deneli o`simlikler kiredi. Gu`ller aktinomorflı, a`dette qos jınıslı, 5 ag`zalı siyrek 3-4 azalı, qos gu`l do`gerekli. Atalıg`ı shen`ber boyınsha jaylasqan, belgili sanda yamasa gu`l japıraqlarının` sanınan 2-4 ese ko`p bolıp keledi. Gu`l do`gerekleri ha`m atalıqları bokal sıyaqlı gu`l tu`tikshesi-gipantiyanın` jiyeginde jaylasqan. Gipantiyanın` to`mengi ta`repi gu`l jataq penen qosılıp o`siwden payda bolg`an. Gipantiya payda etiwge joqarındag`ı bo`limlerdin` qatnası ha`r qıylı tuwıslarda ha`r qıylı. Gipantiyanın` ortasında qden bir qanshag`a shekem miywe japıraqlardan payda bog`an analıqlar jaylasadı. Alma–***malus***, almurt–***pyris*** tuwısqanlarlarında analıq astqı. A`tir

gu`llerde miywesi qurg`aq yamasa shireli, japıraqsha, qutısha, g`oza, shan`g`alaq, alma tu`rinde boladı. Ko`pshilik tuwısqanlarında miywe payda etiwge gipantiya qatnasadı. Tuxımlı endospemasız.

A`tir gu`llıler tuxımlasına 100 den aslam tawıs, 3000 g`a shamalas tu`r kiredi. Olar jer sharının` barlıq jererinde tarlg`an, basım ko`pshiligi arqa yarım shardın` ortasha xam subtropikalıq zonasına ushıradı. Ko`pshilik tu`rleri shıbın shirkeyler menen an`landı. Usıg`an baylanıslı olardın` gu`lleri aq, qızg`ı, ashıq-qızg`ı, qızıl siyrek sarı ren`li bolıp keledi. Gu`llerinde nektar boladı, gu`li bir qıylı du`zilisi bolg`an menen miyweleri ju`da` ko`p tu`rli bolıp keledi. Bul olardın` samal menen, hayuanlar menen taralıwg`a iykemlesiwi bolıp tabıladı. Bul tuxımlastın` O`zbekistanda 35 tuwısqa tiyisli 153 tu`ri ushırasadı.

Jemis miyweli ma`deniy o`simlikler o`zlerinin` jabayı formaları-nan erte miywe salıwı ko`p o`nim beriwi miywesinin` iriligi joqarı azıqlıq belgisi ha`m uzaq jaqlarg`a tasıwg`a qolaylılıg`ı, sonday-aq, keptirilgen halında uzaq uaqıt saqlanıw qa`siyetleri menen ajıralıp turadı.Miywe jemisli o`simlikler morfologiyalıq ha`m biologiyalıq qa`siyetlerine qaray, bir neshe tolparlarg`a bo`linedi: tuxımlar, shan`g`alaqlar, jemisler, g`ozalılır, subtropikalıq, tsitruslılar ha`m tropikalıq miywe ag`ashları boladı. (Sultanova, 1996)

O`zbekstan miywe ag`ashları orta polyusag`a ha`m Qırımg`a salıstırg`anda eki-to`rt jıl burın miywe beriwge kirisedi, biraq olar az jasaydı. Kelte o`siwshi sabıwshılardag`ı miywe beriwge kirisedi, biraq olar tez miywe beriwshi parodalar sıyaqlı az jasaydı (2-keste).

**2-Keste**

**Miywe - jemisli o`simlikler toparı**

| Topar | o`simlik atları | **Botanikalıq atı** | |
|---|---|---|---|
| | | **tuxımlas** | **Tuwıs** |
| Tuxımlar (rozalılar) | Alma<br>Almurt<br>Ayva<br>Boyarshinik<br>İgra<br>Ryabina<br>Mushmula | Rosaceal<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal** | Malus Mill<br>**Plus L**<br>**Cygonia Mill**<br>Crataegus L.<br>Amelanchyier<br>Medx<br>**Sorbns** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | **Rosaceal** | **Mespilus L.** |
| Shan`g`alaqlılar (Rozalılar) | Erik<br>Shabdal<br>qa`reli<br>shiye<br>chereshnya | **Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal**<br>**Rosaceal** | <u>Armeniaca Mill</u><br><u>Persica Mill</u><br>**Prunus Mill**<br>**Cerasus juss**<br>**Cerasusavium (L)** |
| G`ozalılar | Grek g`ozası<br>Pekan<br>Fistashka<br>oreshnik | **Juglandacel**<br>**Juglandacel**<br>**Anacardiactal**<br>**Butulaceae** | **Juglands L.**<br>**Cara Nutt**<br>**Pictacia**<br>**Corylus L.** |
| Subtropikalıq miywe daraqları | a`nar<br>tut ag`ashı<br>xurma<br>unabi<br>maslina | Puni caceae<br>Moraceae<br>Ebenacceae<br>Khamnaceae<br>**Oleaceae** | **Punica L**<br>**Morus L**<br>**Diospiros L**<br>**Ziziphuns Mill**<br>**Olea L** |
| Tsitruslar | Apel`sin<br><br>Limon<br>Mandarin<br><br>Greypfrut<br>biggaradiya | Rutaceae<br><br>Rutaceae<br>Rutaceae<br><br>Rutaceae<br>Rutaceae | **Citrus sienis (L)Osi**<br>**C.Limon (L)Burm**<br>**C reticulata Blanco**<br>**C paradisi mach.**<br>**C aurantium L** |
| Miywe jemisler | Zemlyanika ha`m qulpınay Malina ha`m ejevika<br>Krıjovnik<br>Smorodina Aktinidiya | Rosaceae<br>Rosaceae<br>Caxifragaceae<br>Caxifragaceae<br>Actinidiaceae | **Fragaria L.**<br>**Rubus L.**<br>**Urossularia lindi**<br>**Ribes L.**<br>**Actinidia lindi** |
| Tropikalıq miyweler | Banan<br>Ananas<br>Mango<br>Kokos | Musaceae<br>Bromeliaceae<br>Anacardiaceae<br><br>Palmaceae | **Musa L.**<br>**Ananas Mill**<br>**Mangifera**<br><br>**Cocos nucitera L.** |

Mısalı: almanın` renet Simenrenko sortının` na`lleri – bag`qa otırg`ızg`annan keyin to`rtinshi besinshi jılı miywelewdi ha`m otız jıldan son` analıq shaqaları nabıt bola basladı. Kandil` – Sinap sortı – miywelewge 9-10 jıllıq da`wirinde kirisedi, biraq 45 –50 jasında da ag`ashları jaqsı sag`lam sıpatlı ko`rinedi (Xamidov, qoiu)

Miywe o`simliklerinin` sırtqı ortalıqqa bolg`an talabı birdey emes. Ayırımları ıssını ko`p talap etpeydi ha`m ortasha zoanlarda o`siriwdi, basqaları ıssını ha`m uzaq vegetatsiyalıq da`wirdi talap etedi.

Vegetatsiyalıq da`wirdin` uzaqlıg`ı, jaqtılıq ha`m ıssılıqtın` ko`pligi, xasıldarlı topıraqlar, jasalma suwg`arıw ha`m tiyisli agrotexnika O`zbekistan ha`m Ellikala rayonı jag`dayında miyweli o`simliklerden joqarı zu`ra`a`t alıwdı ta`miyinleydi.

Miywe ag`ashları porodalarının` arasında en` ko`p taralg`an ag`ash alma ag`ashı bolıp esaplanadı. Alma ag`ashı a`dettegi boz topıraqlı, batpaqlı - otlaqlı mayda taslı topıraqlı, kebir ashqan jerlerde, sonday aq O`zbekistannın` tu`rlishe topıraq klimat zonalarında jaqsı o`sedi. Vegetativ tu`rde o`sken ha`m tuxımnan o`sirilgen jabayı nyllerge (sabıwshılarg`a) sabılg`an alma ag`ashları ten`iz betinen 200-1200 m ha`m onnan da biyik jerlerde o`zleri jaqsı sezedi, yag`nıy jaqsı o`sip rawıjlanadı. Ten`iz betinen 800-1000 m biyiklikte alma ag`ashı bir yamasa ekiret suwg`arıw sha`rti menen normal zu`ra`a`t beredi. Alma ag`ashı uzaq jıllar jasaytug`ınlıg`ı ha`m jaqsı o`nim beretug`ınlıg`ı menen ajıraladı (İsaeva, 1982)

Alma ag`ashı bay assortimentke iye. Onın` erte piser sortları iyun`de pise baslaydı, orta piser sortları iyul` – avgusta, al kesh piser ha`m qısqı sortları - sentyabr`de pisedi. Almanın` gu`zgi – qısqı sortları basqa jaqlarg`a jiberiwge jaramlı boladı, olar arnaulı qolaylastırılg`an joylarda yamasa xolodil`niklerde kelesi jıldın` iyun` ayına shekem saqlanadı, bılayınsha aytqanda xalqımızdın` jıl dawamında taza almalar menen ta`miynlewge boladı.

Miywelerdin` quramında qantlardın` ha`m kislotalardın` toplanıwı olardın` pisip jetilisiw mu`ddetine baylanıslı boladı. Jazda pisetug`ın miywe sortlarına orta esap penen 9,48% qant ha`m 0,77 % kislota, gu`zgi sortlarında sog`an sa`ykes 10,10 % qant ha`m 0,59 % kislota boladı. gu`zde pisetug`ın miywe sortlarına qant a`dewir ko`p boladı. qısqı altın Parmen (13,36 %) Mehmoni (13,00 %) alma sortları sostavına qant mug`darının` ko`p bolatug`ınlıg`ı menen ajıraladı (Sobirov, 1991).

1100 m biyklikte taw aldı zonalarındag`ı alma sotlarının` miyweleri S vitamini 4,00 m % ten 18,20 % ke shekem 480m biyikliktegi zonada 0,52 % ten 38,0 % ke shekem S vitamini boladı (Nabiev, 1986)

**3.2. Tamır sisteması-** R. R. Shreder atındag`ı bakshılık ha`m juzimgershilik boyınsha O`zbekstan ilim-izertlew institutının` ilimpazları ko`p jıllar

dawamında O`zbekstannın` ha`r kıylı topırak-klimat (suwg`arılatug`ın boz topırak.lı, mayda jumırı taslı topıraklar kebir ashqan jerler) jag`daylarında tuqımnan egilip ha`m vegetativ usılda sabılg`an o`simliklerde jetistirilgen miyweli ag`ashlardın` tamır sistemalarının` jaylasıw ta`rtipleri u`yreniledi.

Kerskli agrotexnnkalık ilajlardı ha`m olardı o`tkeriw muddetlerin tan`lap alıw ushın bagmanlar miywe ag`ashlarının` tamır snstemasının` qalay jaylasqanlıg`ın jaksı biliwleri kerek. Organikalıq-mineral to`ginlernn o`z waktında beriwdin`, o`siw da`wirindegi suwg`arıwlar, bag`dın` qatar aralarındag`ı ha`m o`re aralarındag`ı topıraklı islewde ulken a`hmiyetke iye. Vertikal` ha`m gorizontal` bag`darlarda o`siwshi sorıwshı mayda shashaklı ha`m skelet turindegi tamırlardın` jaylasıw terenligin biliw menen terektin` gulla`n o`siwi ha`m rawajlanıwı ustinen basqarıwg`a boladı (2-suwret)

R. R. Shreder atındag`ı bag`shılıq, juzimgershilik ha`m vino islep shıgarıw ilimiy o`ndirislik karxanasının` mag`lıwmatları boyınsha suwg`arılıp egiletug`ın boz topıraklı jerlerde tuqımnan egilip sabılıp o`sirilgen bnr jıllık alma na`llsrinin` tamırları 1.5 metrge o`sip baradı,




2-suwret. Jas miywe ag`ashı: 1 – dawam etiwshi shaqa, 2 – o`siwshi mayda shaqa, 3 – oraylıq o`tkiziwiwshi, 4 – skelet sıyaqlı shaqa, 5 – shtamb, 6 – tamır moynı, 7 – o`siwshi tamır, 8 – vertikal` skelet ta`rizli tamır, 9 – gorizontal` skelet ta`rizli tamır.

ol 1,3 metr teren`likke jetedi, tamır sistemasının` diametri ag`ashtın` shaqalı basının` diametrinen 1,2 ese u`lken, skelet tamırlarının` ulıwma uzınlıg`ı 32 metrge

jetedi. Tamırlarının` maksimal o`siwi eki da`wirde: ba`ha`rgi jazg`ı (aprel`—nyun`) ha`m guzgi (sentyabr` — oktyabr`) baklanadı. Tamırlarının` da`slepki ret o`siwinin` birinshi tolqınınının` dawam etiwi 120—130 kundi, ekinshi tolqınnın` 55—60 kundi quraydı. Demek. suwg`arılatug`ın boz topıraklı jerlerde na`llerdin` tamırları intensiv turde 175—190 kun dawamında o`sedi, yag`nıy 6 -7 ayg`a shamalas o`sedi, al qalg`an wakıtlarda a`sten o`sedi.

Tamır sisteması – bul quramalı organikalıq birikpe, ol tiykarınan iz skelet, yarım skeletli tamırlar ha`m shashaq tamırlardan turadı. O`zlerinin` iyelegen ken`ischligine qarap tamır eki toparg`a bo`linedi: gorizontal` ha`m vertikal`. Gorizontal` tamır jer betine jaqın bolıp keledi, al vertikal` tamır to`menge qarap teren` ketedi. Shashaq tamır o`siwshi, sorıwshı o`tkinshi ha`m o`tkeriwshi tamırlardan turadı (3-suwret).

5 jaska shıkkanda almanın` tamır sisteması cywg`arılatug`ın boz topıraklı jerlerde ulken ha`m ken` ko`lemlerge jetedi. Tamırları 2,8 metrge shekemgi teren`likke o`sip baradı. Olardın` ulıwma uzınlıg`ı 340




3-suwret. Shashaq tamır quramına kiretug`ın tamır tipleri: 1 – o`siwshi, 2 – sorıwshı, 3 –almasıwshı, 4 – o`tkeriwshi.

metrge jetedi. Aktiv o`siwshi tamırlar, qa`de retinde tolqın ta`rizli bolıp, o`sedi, o`siw da`wirinde bir- eki tolqınlanıwlar baqlanadı. Tamır sisteması jaylasıw teren`ligine ha`m jıl ma`wsimine qarap: turlishe o`sedi: ba`ha`rde jokarg`ı tamırları tez o`sse baslaydı, jazda tamırlardın` o`siw zonası topıraqtın` bir qansha teren` (1m ha`m onnan da aslam) qatlamlarına barıp jaylasadı—15 jıllık miywe ag`ashında tamır siteması kushli rawajlang`an bolıp, onın` skelet tamırlarının` ulıwma

uzınlıg`ı-500 metrden aslamg`a, al tamır sistemasının` diametri -I8.6 metrge jetedi, bul ag`ashtın shaqalı basının diametrinen 3 ese artıq degen so`z. Mayda jumırı taslı qattı jer qatlamı tamırların teren`likke ha`m qaptallarg`a qaray o`siwine unamsız ta`sir jasaydı. Bunday topıraqlarda tamır sistemasının` diametri miywe ag`ashının` shaqalı basının` diametrinen 2,2 ese kishi boladı, al boz topıraklarda, kerisinshe onın` diametri 1,5-2 ha`tte 3 ese ko`p boladı.

Alma ag`ashının` tamır sistemasının` kushli o`siwi, kebir atqan jerlerde, topıraqtın` duzlanıw da`rejesine baylanıslı boladı. Az da`rejede duzlang`an (0,015-0,02% xlorı bar) jerlerde ortasha da`rejede duzlang`an (0,025-0,3% xlorlı) jerlerge qarag`anda tamırları 1,5 ese ko`p boladı, al ag`ashlardın` shaqalı bası 80sm ken` boladı, al o`siwi 2 ese ko`beyedi. Topıraqtag`ı az duzlang`an jerlerde tamır sisteması onsha teren` emes qatlamda qa`liplesedi, 0-70sm topıraq qatlamında tamırları ju`da` tıg`ız jaylaskan boladı.

Suwg`arılatug`ın boz topıraqlı jerlerde boyı onsha uzın bolıp o`speytug`ın na`llerge sabılıp o`sirilgen ag`ashlarda, sonnan pa`skeldek bolıp o`setug`ın ag`ashlarda birinshi o`siw jılının` aqırında tamırları shtambısınan 75-80sm ge shekemgi do`n`gelekke ha`m 80sm teren`likke shekem o`sip taraladı.

Boyı pa`skeltek bolıp o`setug`ın M—9 na`llerge sabılıp o`sirilgen 4 jıllık; alma ag`ashının` tamır sisteması boz topıraklı ha`m boz otlaqlı topıraqlı jerlerde ag`ashtın` o`resinen baslap bag`tın` qatar arasının ortasına shekemgi radius boyınsha bir qansha tegis jaylasadı.

Tamır sisteması —miywe ag`ashının` fundamenti ol barlıq u`stin`gi bo`limin uslap turadı. Ol o`simlikti topırakka bekkemleydi xa`m onın` turaklılıg`ın ta` ha`m

iyinleydi, mineral zatlar ha`m suw mensn tomiyin-leydi, olardı topıraq qatlamınan sorıp aladı. Miywe ag`ashının` jerdin` ustin`gi bo`liminin` o`siwi ha`m rawajlanıwı tamır sistemasının` jasawına baylanıslı boladı.

Tamırlar terenlikke xa`m kaptallarg`a qarap jayılıp o`sedi, bul o`z gezeginde o`simliktin` topıraqtın` ko`p ko`leminen paydalanıwına mumkinshilik beredi. Miyue ag`ashlarının` skelet tamırları olardın` jerdin ustindegi bo`limine qarag`anda anag`urlım uzaq jıllar tirishilik etedi. Tamır shashakları, qa`de retinde, bir vegetatsiyalık ma`wsim jasaydı, olardın` geyparaları skelet tamırlarına aylanadı. Tamırlardın` o`simlnklerdin` o`sip rawajlanıwında a`hmiyeti og`ada ulkei: Tamırlar birinshi egilgen jılı qanshelli kushli taralıp o`sse, ag`ashlardın` jerdin` ustingi bo`limi sonshelli zıyanlanbay xa`m bekkem bola baslaydı.

**3.3. Burtiklerdin` qa`liplesiw muddetleri**. O`zbekstan jag`dayında alma, almurt ha`m shiye ag`ashlarında miywe xa`m o`siwshi burtikleri iyun` ayınan baslap qa`liplese baslaydı, al erik ag`ashı—iyul` ayının` ushinshi on kunliginen, shabdal - avgusttın` birinshi on kunliginen baslap qa`liplese baslaydı (4-suwret).

Almanın, erte piser xa`m orta piser sortlarında burtikler kesh piser sortlar menets salıstırg`anda 15-20 kun burın baslanadı, al almurt penen shabdalda-sog`an sa`ykes 5 kun ha`m on kun burın baslanadı. Sol bir sorttag`ı




4-suwret. Burtik turleri: 1-o`siwshi, 2-gullewshi burtikler.

miywe ag`ashında burtikler bir waqıtta qa`liplespeydi: jası jag`ınan anag`urlım eski uchastkalarda jas uchastkalarg`a salıstırg`anda burtik ertelew, al uzın miywe shaqalarg`a qaraganda halqa ta`rizli shakalarda ertelew, miywelemeytug`ın ag`ashlarg`a qarag`anda miyweleytug`ın ag`ashlarda mnyweler ertelew ka`liplese baslaydı. Miywe ha`m vegetaTIVLIK (o`siwshi) burtiklerdin` miyweley baslawı miywe ag`ashlarının` agrotexnikasın ha`m kutimin durıs o`tkeriwge baylanıslı ekenligin aytıp o`tiwimiz tiyis.

Miyweleytug`ın ag`ashlar tiykarınan o`z-o`zinen shan`lanadı olarg`a ayva, shiyenin`, qa`reli ha`m eriktin` geypara sortları, eriklerdin` ha`m mazalı badamlardın` barlık, tiykarg`ı sortları kiredi.

Miywe ag`ashlarının` gul shan`ların turli nasekomalar (shıbın-shirkeyler), a`sirsse pal ha`rreleri alıp baradı. Miywe ag`ashlarının` gullew da`wirindegi jiyi ha`m ko`p mug`darda jawg`an jawın-shashınlar xa`rre-lerdin` intasız ushıwları, tungi ayazlar, kurg`aq samallar, topırakta tamırlar jayılıp o`setug`ın qatlamlarında azıklık zatlar menen la`mliliktin` jetkiliksiz mug`darda bolıwı, minus ag`ashlarının` normal shanlanıwına kesent beredi.

**3.4. Jer usti bo`limi** —o`reden putaklardan, shakalardan xa`m jas putaklardan turadı. Baldakta japıraklar, burtikler. guller xa`m miyueler boladı.

**Ag`ashtın` o`resi** —putaqları bar, ag`ash baldag`ının` tik jaylaskan bo`limi. Ag`ash o`resinin` to`mengi (birinshi pugakka shekemgi) bo`limi. O`renin` to`mengi (birinshi putakda shekemgi) bo`limi shtamb tamır moynınan to`mengi birinshi juwan shaqag`a shekemgi aralık dep ataladı. Joqarı (birinshi shaqalardan en` to`besine shekemgi aralıq) bo`limi ag`ashtın` tik bag`anası yamasa oraylık bag`ana dep ataladı (4-suwret).

**Putaklı shaqalar** —bular ag`ashtın` ta`replerge qaray o`siwshi tiykarı skelet shaqalar bolıp esaplanadı.

**Qaptal shaqalar**—bul qaptalg`a taralıp o`siwshi ag`ashtın` baldak, bo`limi. Tikkeley ag`ashtın` o`resine taralıp shıgıwshı shak,alar birinshn qatardag`ı shaqalar dep ataladı, olardan tag`ı ekinshn katardag`ı shakalar taraladı, olardan ushinshi qatarg`a kiretug`ın shakalar jaylasadı. Jas (nart) shakalar dep qaptal shakalardın`

bir vsgetatsiyalık,(o`siw) da`wirinds japıraklar ha`m burtikleri menen birge o`siwine aytıladı.

**Qaptal shaqalardın` turleri.** Tuqımlı miywe ag`ashlarında qaptal shakalar — halqa ta`rizli shakalarg`a, nayzag`ay shaqalarg`a shıbıksha miywe shakalarg`a bo`linedi: al mo`jeneli miywe ag`ashlarında, shakalar — xalqa ta`rizli shaqalar, top gulli shakalarg`a, aralas miywe shaqalarg`a bo`linedi (5-suwret).




5-suwret. Miywe shaqa turleri: 1-almanın` saqıyna ta`rizli shaqası, 2-tik shaqa, 3-almanın` gullewshi shaqası, 4-almurttın` saqıyna ta`rizli shaqası,5-shiyenin buket ta`rizli shaqası, 6- shiyenin` uzın miywe shaqası, 7-qa`reli shaqası.

3.5. Miywe ag`ashlarındag`ı jaslıq da`wirleri. Miywe ag`ashının` o`sip rawajlanıwında (P.G. Shitt boyınsha) u`sh tiykarg`ı da`wirdi: o`siw, miywelew ha`m quwraw da`wirlerin ajıratıwg`a boladı.

Birinshi da`wir- miywe ag`ashlarının` o`sip rawajlanıwı. Ol tuqımnın` ko`gerip o`sip shıg`ıwınan baslap ag`ashtın` miywe bere baslawı menen pitedi. Usı da`wirde gulla`n miywe ag`ashlarında tiykarınan tamır sisteması ha`m ag`ashtın` shaqalı bası (krona) tolıq qa`liplese baslaydı.

Shabdalda bul da`wir ekinshi -u`shinshi jılı aq ko`pshilik mo`jeneli miywe ag`ashlarında ha`m alma menen almurttın` geypara sortlarında to`rtinshi besinshi jılları tamam bola baslaydı.

Ekinshi da`wir- turaqlı miywe bere baslag`annan miywe beriwi toqtag`ang`a shekem baslanadı.

U`shinshi da`wir-miywelewi toqtag`annan ag`ashının` tolıq o`lip qalıwına shekem dawam etedi.

Birinshi da`wirde miywe ag`ashı miywe bere baslaydı, sonlıqtan barlıq agrotexnikalıq ilajlar jerdin` u`stin`gi bo`liminin` ha`m tamır sistemasının tezlik penen qa`liplesiwine ja`rdem beriw tiyis.

Miywe ag`ashının` o`sip rawajlanıwının` ekinshi da`wirinde tiykarg`ı dıqqatı maksimal turde turaqlı joqarı zu`ra`a`t alıwg`a, miywe ag`ashının` normal o`siwin ja`ne rawajlanıwın ta`miyinlewge qaratıw kerek.

U`shinshi da`wirde ag`ashtın` miywe beriwi kem-kemnen ko`beye baslaydı ha`m ag`ash qartaya baslaydı, o`siwin toqtatadı, ayırım tamırları ha`m putaqları o`le baslaydı. Miywe ag`ashının` jasawın miywe beriwin tag`ı bir neshe jılg`a sozıw ushın ag`ashqa jasartıw ilajların isletiw kerek, yag`nıy qartayg`an putaqların alıp taslaw talap etiledi, bul ilaj jan`adan nart shaqalardın` o`sip shıg`ıwına ja`rdemlesedi, keyin olardı miywelewi ushın qa`liplestiriw kerek.

P.G. Shitt miywe ag`ashı ontogenezi bo`liniwine anag`urlım tolıq sıpatlama beredi. Ol olardı tog`ız jaslıq da`wirge bo`ledi, olardın` ha`r biri ushın tiyisli agrotexnikalıq ilajların belgileydi (3-keste).

3.6. Miywe ag`ashlarının` na`llerin egip o`siriw. Gulla`n miyweli ag`ash porodalarının` na`lleri avgust yamasa sentyabr` aylarında tiykarınan burtikten sabıw (okulirovka) jolı menen egip o`siriledi. Bunın` ushın tuqımlar yamasa mo`jeneler aldın-ala tayarlanılıp, oktyabr` ayının` akırında yamasa noyabr` ayının` basında tap arkalı sebiledn. Almanın, almurttın` ha`m ayvanın` tuqımları topıraktın` tu`rine (tipine) qaray 2,5—3,5 sm teren`likke egiledi, shiye, chereshnya, alma mo`jeneleri - 3,5 sm teren`likke ko`miledi, al shabdaldın` grek g`ozasının` iri tuqımları—7-10 sm teren`likke ko`miledi. Topırag`ı jen`il ha`m shegelen` jerlerde tuqımlar teren`irekke taslanadı, al awır sazlı-qumlı jerlerde, kerisinshe egiledi.

Qatarlardın` ara kashıklıg`ı 70-80 sm etip qaldırıladı. Geypara ha`wesker bag`manlar miywe ag`ashlardın` na`llerin tuxımnan egip o`siriwge ha`reket etetug`ınlıg`ı ma`lim. Bul jardaylarda ag`ashlarda ko`p sanlı tiken (putaq) shakalar payda bola baslaydı, olar kem-kemnen jabayıg`a aylana baslaydı, al jabayı

ma`deniy emes, yag`nıy sabılmag`an, ag`ashlar a`dette mayda miyweler bere baslaydı, olar o`zlerine ta`n ren`lerin ha`m da`min jog`altadı.

Bunday unamsız qubılıslardan saklanıw ushın miyueli ag`ash porodaları-nın` guxımların topıraqqa egedi, olardı, yag`nıy usı ekken tuxımlardan ko`gergen na`llerdi kerekli sortlar menen sabıw ushın na`ller o`siriledi

3-keste

O`zbekstanda miywe ag`ash porodalarının` miywe bere baslawı ha`m olardın` jasau uzaklıg`ı (jıl esabında), (M. Sabirovtın` mag`lıwmatı boyınsha)

| Porodaları | Bag`qa otırg`ızılg`annan keyin miyweley baslawı | Tolıq miywelew da`wiri | Jasaw uzaqlıg`ı |
|---|---|---|---|
| Alma | 5-8 | 10-12 | 45-50 |
| Almurt | 5-8 | 12-14 | 45-55 |
| Ayva | 4-5 | 7-8 | 40-50 |
| Erik | 3-4 | 8-10 | 50-60 |
| Shabdal | 2-3 | 5-6 | 10-12 |
| Qa`reli | 3-4 | 6-8 | 25-30 |
| Chereshnya | 4-5 | 6-8 | 25-35 |
| Shiye | 3-4 | 6-7 | 18-25 |
| Badam | 4-5 | 9-10 | 60-80 |
| Grek g`ozası | 5-6 | 15-16 | 100-150 |
| Xurma | 4-5 | 8-10 | 60-7- |
| Anar | 2-3 | 5-6 | 50-60 |
| Anjir | 3-4 | 5-6 | 80-100 |
| Paradizkag`a sabılg`an alma | 3 | 5-6 | 25-30 |
| Dusenge ha`m MM-106 g`a sabılg`an alma sortları | 4 | 6-7 | 35-40 |
| Ayvag`a sabılg`an almurt sortları | 3 | 4-5 | 25-30 |
| Unabi | 3-4 | 6-7 | 100-den ko`p |

ha`m aradan bir jıl o`tkennen keyin tuxımınan ko`gergen na`ller (alma, almurt, ayva) baska orıng`a guzde (oktyabr`-noyabr`de) yamasa ba`ha`rde (martta) ko`terip tigiledi, solay etip olar usı o`sip atırg`an ornında avgustta yamasa sentyabr`de ko`zshe burtikten| sabıla baslaydı. Mo`jeneli (erik, shabdal ha`m baskalar) porodalar tuqımlı porodalarg`a qarag`anda kushlirek o`se baslaydı. Sonlıktantuxımınan egnp o`sirilgen na`llerdi mo`jeneli miywe ag`ashların, yag`nıy na`llerin sabıw menen bir qatardan avgust yamasa sentyabr`de baslaw kerek. Sabıw (sabaq) sorttın` en` jaqsı biologiyalık, xojalıq sapaların saklawg`a ja`rdem beredi.

Kerekli miyweli ag`ash porodalarının` tuxımların miywelerdi ba`xa`rgn, jazg`ı ha`m guzgi da`wirlerde paydalang`an waqıtlarda uyde tayarlawg`a boladı. Mısalı, may-nyun` aylarında shiye ha`m chereshnya pisedi, iyul`de ha`m avgustta-magalebka, alma xa`m erik, al sentyabr`dei baslap noyabr`ge shekem—alma, almurt, ayva, grek g`ozası, badam, xurmanın` kesh piser sortları pisedi. Miywelerdin` ishinen tuqımların alıp, olardı suwg`a juwıp, sayalı jerlerde bir neshe kunler dawamında keptiriw kerek. O`zbekstanda rayonlastırılg`an alma sortları en` jaqsı sabıwshılar saylap alıng`an, olar: jergilikln tog`ay (Lesnaya) Siversi, Rozmarinnin`) qısqı altın Parmennin`, Kandil` sinaptın` ma`deniy sortlarının na`lleri, al jergilikli sabıwshılardan (podvoylardan)—Babarabskiy, Xazarasp, dusen II-lV-V, paradiska-lX, MM-106 sortları.

Almurt ushın—tog`ayda o`setug`ın jabayı, jergilikli yarım ma`deniyles-tirilgen formaları, ayva—kaptal shaqadan ko`mip o`sirilgen «A»tipi; erik ushın—erik jergilikli xasaki forması: shabdal ushın-Aq shabdal tipindegi jergilikli forması,Badam ashshı miyweli forması; Chereshnya ushın- jabayı chereshnya, magalebka, jergilikli shiye, grek g`ozası ushın—grek g`ozası jergilikln suwıqqa shıdamlı forması; unabi ushın — unabi—ashqıltım mayda miyweli turi; xurma ushın—Kavkaz xurması, Vnrginsk ha`m Shıg`ıs xurması.

Alma ha`m almurt ag`ashlarının` tez miywe beriwin esapqa alıp, olardın` na`llernn xa`lsiz o`setug`ın vegetativ sabıwshılarda ko`beytiw usınıs etiledi. Suwg`arılatugın boz topıraqlı jerlerde alma na`llerin paradizka IX ha`m yarım kelte boylı (polukarlikovıx) sabıwshılarda-dusen II ha`m V, MM-106 almurtta-Anjersk tipindegi ayva sabıwshılarında o`siriw jaqsı na`tiyjeler beredi.

Kem miywe beretug`ın sortlardan-ak Rozmarindi, Kandil` sinaptı ha`m baska sortlardı paradizkada o`siriw kerek. Bul olardın` erterek miywe bere baslawın ha`m ortasha tezlikte o`siwin ta`miyinleydi. Ortasha tezlikte o`setugın xa`m erterek miywe berstug`ın (Renet Simirenko xa`m basqalar) sortlardı dusen-de ha`m MM-106 sortlarda o`siriw kerek, sebebi paradizkada bul sortlar miyweni ko`p beretug`ınlıg`ı sebepli miywe beriwshiligin keskin sheklep qoyadı, yag`nıy waqtı-waqtı beretug`ın bolıp qaladı. Paradiskag`a sabılıp o`siriletug`ın jazg`ı muddetke pisip jetisetug`ın alma sortlarınan Samarkand tung`ıshın ha`m Tashkent Borovinkasın, guzgi sortlardan Jonatan, Golden delishes, Red delishes, qısqı altın Parmen, Kandil` sinap, Altın Grayma, qısqı sortlardan—Renet Simirenko sortlarıi usınıwg`a boladı. «A» tipindegi ayvag`a sabıp o`siriw ushın almurt sortlarınan guzgi-kıskı Bere Ardanpon, Kyure, Podarok, Oliv`e de Serr, qısqı nashvatı 2 ha`m basqa sortlar sa`ykes keledi.

# 4-BAP. SABIW HA`M SABILG`AN NA`LLERGE FORMA BERİW

Miywe pitomniklerinde (wyıqlawshı ko`zshe) jazg`ı sabıw usılı ken` turde qollanıladı. Bul jazg`ı sabıw jumısları iyul`din` aqırınan baslanıp, avgust ayında tolıq dawam etip, al senyabr` ayının u`shinshi on kunliginin` baslarında, ol sabıwshılardın` qabıg`ı qatayıp, alınbag`an waqıtta toqtatıladı. Ha`r qıylı sabıwshı na`llerdi sabıwdın` kalendarlıq muddetleri ha`m ta`rtipleri olardın` qanday jag`dayda ekenligi, sonday-aq sabılatug`ın shaqalardı (qa`lemshelerdi) o`siriw waqtı boyınsha anıqlanadı. Da`slep boyı kelte sabıwshılar (paradiska, onnan keyin, badam, almurt, qareli shiye, erik, shabdal, alma, alsha ha`m ayva) sabıladı.Sabıw usılı ha`m olardı baylaw usılları 6, 7, 8, suwretlerde ko`rsetilgen.



6-suwret. Sabıwg`a tayarlang`an shaqalar.



7-suwret Miywe ag`ashın ko`shirip o`tkeriw (kopulirovka) usılında sabıw.

| | |
|---|---|
| <br>8-suwret. Miywe ag`ashın qaptaldan kesip sabıw. | <br>9-suwret. Qabıq astına jaylastırıp sabıw. |

| | |
|---|---|
| <br>10-suwret. Miywe ag`ashın tiliw usılı | <br>11-suwret. Paqaldı tilip sabıw. |

Son`g`ı jıllarda almanın, xurmanın` ha`m basqada miywe ag`ashları porodalarının` jabayı na`llerin ba`ha`rde sabıw usılları ken`nen o`tkerile basladı. Ko`zsheleri qısta o`lgen jabayı na`ller ba`ha`rde sabıladı. Ba`ha`rgi sabıw mapazları ag`ashlarda shirelerdin` ha`reket ete baslawı ha`m qabıqları erkin ajırala baslaw (aprel`-may) da`wirinde o`tkeriledi. Sabılatug`ın shaqalar (qa`lemsheler) dekabr`de tayarlanadı ha`m olar podvalda yamasa transheyalarda ortasha la`mliktegi qumg`a salıp qoyıp saqlanadı

Sabılg`an jabayı na`llerdi shirenin` sabılg`an ko`zshege da`rhal bastırıw ushın tiyisli jerinen kesip taslaw kerek. Aradan bir yarım eki ha`pte o`tkennen keyin qalqan sabıwshı menen birigip o`se baslaydı. 10-12 kunnen keyin ko`zshe o`se baslaydı ha`m onnan keyin baylag`an jip bosatıladı. Maydın` basında jabayı na`lshe sabılg`an barlıq sabıqlar alıp taslanadı. Bunday jag`dayda jol qoyılatug`ın na`rse boyı kelte bolıp o`siwshi vegetativ jol menen ko`beytiletug`ın sabıwshı jabayı na`ller g`ana qaldırıladı, al olar son`g`ılıg`ında sabıwshı materiallar bolıp xızmet etedi.

Sabılg`an ko`zsheden ma`deniy jas shaqa o`sip shıg`adı, ol guzge qaray jaqsı ta`rbiyalansa 70-80sm biyiklikke jetedi. Usı na`llerdi o`sirip jetistiriw ushın ekinshi jılg`a qaldırıladı. O lar guzge shekem 2 metrden aslam boyg`a o`sedi (kushli o`siwshi sabıwshılarda), al boyı kelte o`siwshi sabıwshılarda standart talaplarına juwap beretug`ın boladı.

O`zbekistannın` qublasında xurma sortların ba`ha`rde, jazda sabıw jolı menen jaqsı o`siriwge boladı, sebebi avgustag`ı sabıwda Kavkaz ha`m virgin turlerine kiretug`ın jabayı na`llerine sabılg`an ko`zsheler qısqı da`wirde 80-90% ke shekem suwıqtan nabıt boladı, al ba`ha`rgi ha`m jazg`ı sabıw da`wirinde olar sabıwdın` sapasına qaray 90-100% ke shekem saqlanadı. Bunda na`llerdin` boyı 60-70 sm ge jetedi (12-suwret)..

Kabıg`ın tuwrı mu`yeshli qalqan ta`rizli etip sabıw ushın kesiwshi to`rt ju`zi bar, ta`repler uzınlıg`ı 1,7x2,9 mm bolg`an tuwrı mu`yeshlikti payda etiwshi arnawlı shaqqı paydalanıladı (13-suwret).



12-suwret. Sabılg`an jabayı na`ldi baylaw usılı



13-suwret. Bag`shılıqta qollanılatug`ın a`sbaplar.

Shaqqının` kesiwshi ju`zleri parallel` jaylasqan shaqqının` ja`rdeminde sabıwshı jabayı na`ldin` qabıg`ı arqa ta`repinen qalqan kesilip alınadı, sol kesip alıng`an orıng`a tap sonday razmerdegi sabılatug`ın qa`lemsheden kesip alıng`an qalqan qoyıladı, bunnan keyin sabılg`an qalqan plenka menen baylanadı. Bunda tek sabılg`an qalqannın` ko`zshesi ashıq qaldırıladı. Sabıwshı menen sabılatug`ın na`llerdin` qabıg`ı ag`ashınan an`sat ajırılatug`ın waqıtta sabıqları jaqsı tutıp ketedi.

Sabıwdın` en` jaqsı muddeti iyun` ayı bolıp esaplanadı. Eger sabıq ag`ash qabıg`ının` ajıralıwı ha`m kombinatsiyalang`an qabattın` shiresi jamanlasqan anag`urlım keshirek muddette islense, bul sabılg`an ko`zshelerdin` to`men da`rejede tutıwına alıp keledi. İyun`da o`siwshi ko`zshe menen sabık islenedi, sabılg`annan keyin aradan eki ha`pte o`tkennen son` sabılg`an ko`zshenin` u`stindegi o`sip turg`an shaqa qırqıp taslanadı.

Sabılg`an burtikten o`sip shıqqan ma`deniy jas shaqalardın` o`siwine qaray onın` shtambısında qaptal shaqa payda bola baslaydı, solay etip olar pakal turinde alıp taslanadı, biraq, qoltıq shaqalar qaldırıladı, sabıklarda shtambasınan joqarıda payda bolg`an gulla`n jas shaqalar olardag`ı qaptal shaqalar alıp taslag`aida qalg`anları erkin o`siriledi, olardan keyin ala ag`ashtın` basının` shaqaların saklaydı,

ag`ashtın` shakalı bası zonasında sabıqlardın` ta`biyg`ıy turdegi shakalaw qubılısları payda bolmasa, onı o`simliktin` o`siwi ushın shırpıp taslaw menen keltirip shıg`aradı. Bul usıl ag`ashtın` shaqalı basına forma beriw dep, al sabılg`an ko`zsheden o`sip shıqqan jas o`simshe shaqa- okulyant dep ataladı.

Okulyantlardın` shaqalı basına forma beriw jumısları shtambının joqarı shegarasınan shakalı basının zonasına 10-12sm (6-7 burtikshe) qaldırıp, bag`ananın` oraylıq shaqasının` joqarı bo`limin normal rawajlang`an japıraqtan kesiw da`wirinde o`tkeriledi, shaqalı basına forma beriwge jetisken alma okulyantlarının` boyı: shtambasının` biyikligi 50sm okulyantlardın` shaqalı bası zonasına qaldırılg`an bo`liminin` uzınlıg`ı-10-12 sm+kesip taslanatug`ın o`sken shaqanın` joqarı bo`limi 12-1/5 sm; barlıg`ı 72-77 sm boladı.

Shaqalı basına forma beriw jumısları 25-maydan 10-iyun`ge shekem o`tkeriledi. Jokarı burtikten kesip alıng`annan keyin ortan`g`ı bag`ananın` (provodniktin`) o`siwi dawam etedi, al to`mende jaylaskan burtiklerden bir neshs qaptal shakalar o`sip shıg`adı. Shakalı bası ushın kerek emes gulla`n kaptal shaqalar, sonnan jarısıp o`siwshi shakalar, paqal turinde
(da`wirinde) kesip taslanadı. Olardı kesip taslawdı ag`ashları katayg`ang`a shekem dawam ettiriwge bolmaydı, sebsbi olar azıklıq zatlardı sarp etedi, sonın` na`tiyjesinde tiykarg`ı shaqalardın` rawajlanıw`sha kesent beredi.

Shaqalı basına forma beriw 2-3 ma`rtebe to`mendegi muddetlerde o`tkeriledi:

-kushli shaqalawshı porodalar ha`m sortlar 25- maydan 10-iyun`ge shekem ha`m 25-30-iyun`ge, geyde 10-15-iyul`ge shekem

- Ortasha ha`m to`men da`rejede shaqalawshı porodalar ha`m sortlar 25-30-iyun`ge ha`m 10-15-iyul`ge shekem yamasa bir ma`rtebe son`g`ı muddette o`tkeriledi.

# 5-BAP. TİYKARG`I MİYWE AG`AShLARI HA`M OLARDI O`SİRİW TEXNOLOGİYaSI

## ALMA

**5.1. Alma.** Miywe ag`ashları porodalarının` arasında en` ko`p taralgan ag`ash alma ag`ashı bllıp esaplanadı. Alma ag`ash a`dettegi boz topıraklı. Batpaqlı-otlaqlı gaslı topıraqlı, kebir ashkan jerlerde, de sonday-aq O`zbekstannın` turlishe topırak klimat zonalarında da jak.eı o`sedi. Vegetativ turde o`sken ha`m tuxım`nan o`sirilgen jabayı na`llerge (sabıwshılarg`a) sabılg`an alma ag`ashları ten`iz betinen 200—1200 m ha`m onnanda biyik jerlerde o`zlernin jaqsı sezedi, yag`nıy jaqsı o`sip rawajlanadı. Ten`iz betinen 800—1000 m biyiklikte alma ag`ashı bnr yamasa eki ret suwg`arıw sha`rti menen normal zura`a`t beredi. Alma ag`ashı uzaq jıllar jasaytug`ınları ha`m jaqsı jasaytug`ınlıg`ı menen ajıraladı.

Alma ag`ashı bay assortimentke iye. Onın` erte piser sortları iyun`de pise baslaydı, orta piser sortları iyul`--avgustta, al kesh piser xa`m qısqı sortları—sentyabr`de pisedi. Almaiın, guzgi-qısqı sortları basqa jaklarg`a jiberiuge jaramlı boladı, olar arnawlı qolaylastırılg`an jaylarda yamasa xolodil`niklerde kelesi jıldın` iyun` ayına shekem saklanadı, bılayınsha aytqanda xalqımızdın` jıl dawamında taza almalar menen ta`miyinlewge boladı.

R. R. Shreder atındag`ı O`zbekstan bag`sh`glıq, o`simgershilik xa`m vino islep shıg`arıw ilim-izertlew institutının` geypara alma sortları miywelerinin` ximiyalık quramı haqqındag`ı laboratoriyalık mag`lıwmatlar 4-kestede keltirilgen.

Tashkent oblastında o`stirilgen almalar qantqa kislotalarg`a, piktinge bay ekenligi kestedegi mag`lıwmatlardan ko`rinip tur, olar bul jag`ınan Belarusiya ha`m Rossiyanın` orta polosada o`stirilgen miywelerinen kalıspaydı, Sonday-ak ximiyalık quramı, onda eriytug`ın ha`m erimeytug`ın zatlarda kiredi. Kantlardan fruktoza basımırak, saxoroza azlaw boladı, al glyukozalar az mug`darda boladı.

Miywelerdin` quramında qantlardın` ha`m kislotalardın` toplanıwı olardın` pisip jstilisiw muddetine baylanıelı boladı. Jazda pisetug`ın miywe sortlarında orta esap penen 9,48 % qant, ha`m 0.77% kislota; guzgi sortlarında sog`an sa`ykes

10,65 ha`m 0,48%; qıskı sortlarında 10,10 % ha`m 0,59 %\ boladı. Guzde pisetug`ın miywe sortlarında kant a`dewir ko`p boladı. Qısqı altın Parmen (13,37 Mehmoni (13,00 %) alma sortları quramında qant mug`darının` ko`p bolatug`ınlıg`ı menen ajıraladı.

1100m biyikliktegi taw aldı zonalarındag`ı alma sortlarının` miywelerinde S vitamini 4,00% ten 18,20 % ke shekem, 480 m biyikliktegi zonada 0,52% ten 3,80 % ke shekem S vitamini boladı.

Paradizkag`a sabılg`an miywe ag`ashlarının` jasaw waqıttı 20—25 jılg`a jetedi, dusende, MM—106 sortlarında-sog`an sa`ykes 30—35jılg`a, al tuxımnan ko`gertilip, jabayı na`llerge sabılg`an miywe ag`ashları 50—60 jıl jasaydı.

4-keste

Almalardın` ximiyalıq quramı (shiykiley salmag`ına % esabında)

| Sort | Suw | Glyukoza | Fruktoza | Saxaroza | Ulıwma qant | Kislota |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Jazg`ı persikovıy | jazgı 83,58 | 1,95 | 5.21 | 3,05 | 10,21 | 0,82 |
| Samarqant tung`ıshı | 83,58 | 1,51 | 4,55 | 2,58 | 8,04 | 1,31 |
| Altın naliv | 84,50 | 1,50 | 4,14 | 2,14 | 7,76 | 0,73 |
| Tashkent Borovinkası | 83,44 | 1,30 | 4,04 | 2,80 | 8,1 4 | 0,8J |
| Melba | 83,33 | 1,40 | 4,23 | 3,15 | 8,78 | 0,59 |
| Eki reet miywelewshi | 84,02 | 1,96 | .6.00 | 2.35 | 10.31 | 0.90 |
| Dasturxani | 83,04 | 1.88 | 5,00 | 2,41 | 9, 29 | 0,68 |
| İskander | 83,20 | 1,88 | 0,90 | 2,03 | 10,81 | 0,30 |
| Farhad | 8b,17 | 1,76 | 5,60 | 3,14 | 10,50 | 0.60 |
| Detskiy | 86,94 | 1,03 | 5,00 | 3.71 | 9,75 | 0.54 |
| Jazg`ı razmarin | 82,31 | 1,84 | 5,71 | 2,34 | 9,80 | 0,52 |

**5.2. Almurt.** Almurt miywelerinin` jokarı sapaları menen bahalanadı, ol taza pisken turinde de, sonday-aq islengen islengen-kompot, povidlo, murabba, pukatlar turinde paydalanıladı. O`zbekstan jag`dayında almurt sortı

jaksı o`sip ha`m jaksı zura`a`t beredi. Almurt ag`ashı a`ste o`sedi, biraq 70—80 ha`m onnan ko`p jıllarg`a (jaksı) shekem jasaydı.

Alma ag`ashı jaksı o`sedi ha`m ol respublikanın` taw aldı xa`m arka zonalarında turaklı zura`a`t beredi. Jaqsılap egilgende ha`m jabayı na`llerge sabılıp o`sirilgen ag`ashlardı puxtalap ta`rbiyalag`anda olar egilgennen keyin 5—6-jılı zura`a`t bere baslaydı, al 10—12-jasında zura`a`t normal turde boladı. Almurttın` miyweleri baska jerlerge jiberiwge jaramlılıg`ı, saqlawg`a shıdamlı ekenligi, jokarı mazalıq sapag`a iye ekenligi menen ajıraladı. Oktyabr` ayında terip alıng`an kesh piser sortlardın` miywelerin arnawlı jaylarda kelesi jıldın` may ayına shekem saqlap qoyıwg`a boladı. U`y kaptalı uchastkasına bag` otırg`ızılg`anda almurttın` erte ha`m kesh piser sortlarınan eki u`sh danasın egiu kerek. Almurttı vegetativ sabıwshılarda o`sirgen jagdayda ol egilgennen keyin 3—4 jılı miywe bere baslaydı.

Almurt sortlarında kanttın` murdarı 7.70=11,2l % shamasında, al ortasha ol shiykiley salmag`ının` 9.25 % tin kuraydı. Miywelerindegi kıshqıllık da`rejesi to`men— 0,12 den, 0,72 ge shekem, ortasha— 0.29 % ke shekem jetedi. S vitamininin` ortasha mug`darı 2,22mg% ke shekemgi aralıkda juredi (5-keste).

**5.3. Biyi**. O`zbekstanda juda` uzaq da`wirlerden o`siriletug`ın miywe ag`ashlarının. biri. Ol tegislik zonalarındag`ıg`a qarag`anda, vegetatsiya da`wiri qısqa, jazg`ı da`wirdegi temperatura mug`darı az. 100 metr biyikliktegi (Sox, Nanay, Bostanlık) qusag`an tawlı rayonlarda biyinin` a`sirese tez pisetug`ın mayda miyweln sortları ko`p taralg`an.

5-keste

Almurt miywelerinin` ximiyalıq quramı (shiykiley salmag`ına O % esabında)

| Sort | Suw | Mono-saxaridler | Saxaroza | Ulıwma qant | Titurlanıw qıshqıllıg`ı | S vitamin, mg.% |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Lesnaya krasavitsa | 80,34 | 8,35 | 1,90 | 9,25 | 0,18 | z.oo |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Lyubimitsa Klappa | 78.54 | 5.90 | 2.00 | 7,90 | 0,36 | 2,32 |
| Rannyaya iz Trevu | 84,45 | 5,85 | 2,81 | 8.66 | 0,12 | 2,53 |
| Bere royal` | 86,40 | 8,23 | 2,57 | 10.80 | 0,17 | 2.90 |
| Bere Bosu | 83,00 | 7.25 | 2,93 | 10,20 | 0,16 | 3, 40 |
| Kısıl Nashvatı | 86,70 | 5,80 | 1,80 | 7,60 | 0,20 | 2,12 |
| Ak Nashvatı | 85.80 | 6.10 | 1.90 | 8.00 | 0.17 | 2,15 |
| Chilyaki Nashvatı | 84,40 | 7,05 | 2,40 | 9,45 | 0,72 | 1,31 |
| Jazg`ı Nashvatı | 82,60 | 7.90 | z.oo | 10,90 | 0,63 | 1,42 |
| Qısqı Nashvatı | 81,80 | 6.12 | 2,68 | 8.80 | 0.20 | 1,64 |

Biyinin` pisip jetisiu ha`m terip alınıw da`wiri sentyabr`den noyabr`ge shekem dawam etedi, kesh piser sortları yanvar`g`a—martqa shekem saklanadı.

Alma, shiye ha`m almurttın` miywelerine qarag`anda biyinin` miywelerinde vitaminler ko`p boladı. Biyinin` O`zbekstan sortlarında 75—82 % suw 7,66-18,88 % ulıwma kant; 0,10—1,62% alma limon kislotası; 0,4—1,7 teri iyleytug`ın zatlar; 0,75—2,32 % pektin zatları, sonday-aq kaliy, temir, marganets, mıs, kobal`t, S vitamini, karotin R—aktiv zatlar boladı.

Biyi o`siriw ushın O`zbekstannın` klimat sharayatları juda` qolaylı keledi. Biyi suwıktan ha`m ba`ha`rgi katqalaq ayazdan siyreklew zıyanlanadı, sebebi ol

almadan ha`m almurttan keshleu gulleydi, yag`nıy ol a`dette aprel`din` ekinshi yarımında—maydın` baslarında gulleydi. Tek 30 gradustan to`men suuıqta g`ana onın` bir jıllıq jas shaqaları ha`m eski eski ag`ashı suwıqqa qatadı. Onday qattı emes guzgi ızg`ırıq ayazlar biyi ag`ashına aytarlıktay ulken zıyan bermeydi, ol suwıkka birkansha shıdamlı boladı. O`zbekstanda bolatug`ın jazdag`ı jokarı temperatura
suwg`arılg`an jag`dayda onın` jaksı o`siwine ha`m joqarı zura`a`t alıwg`a mumkinshilik beredi.

Biyinin` mazalı ha`m turıshlı—mazalı da`mge iye ko`pshilik sortları taza pisken turinde paydalanıwg`a jaramlı keledi, al turıshlıları konserva islewge jaramlı boladı. Shiyrin, mol zura`a`tli, xosh iyisli, konserva ilewge qolaylı, iri miyweli Samarkand, almag`a uqsas Xorezm ha`m almurtka uqsas. Xorezm sortları biyinin` en` jaksı sortları bolıp esaplanadı.

**5.4. Erik.** Mo`jeneli miywe porodasındag`ı ag`ashlardın` arasında O`zbekstanda jetekshn orınlardın` birin iyeleydi.

Erik Fergana ha`m Zarafshan alaplarında ko`p taralg`an. Eriktin` miyweleri taza pisken, keptirilgen ha`m qayta islengen turinde paydalanıladı. Taza-pisken miywelerinde 8.4—19,0% qant,1,7 % kislota, yagnıy alma ha`m Limon kislotası, az da`rejede salitsi ha`m vino kislotası da, 0,1— 1,6% pektin, A ha`m S vitamiileri boladı. Keptirilgen erikte 80 % ke shekem qant boladı. Orta Aziyada o`setug`ın ko`pshilik erik sortlarının` mo`jeneleri ishindegi da`nesi mazalı boladı. olarda 45 %— may xa`m 28 % belok boladı.

**Aq-erik.** Jergilikli asxana sortı. Miywesinin`, ortasha, salmag`ı 30—35 grammg`a shekem, domalaq suwıqqa shıdamlıları joqarı sort, ekkennen keyin aradan 5—6 jıl o`tkennen keyin miywe berebaslaydı, bir tubinen 80—100 kg zura`ot beredi. Miyweleri iyun`nın` ekinshi on kunliginde pisedi.

**Kesh piser arazmi.** Ha`r ta`repleme paydalanılatug`ın miywesi iri, zura`a`tli, jokarı sapalı sort. Miywesi iri salmag`ı 44 grammnan 55 gr shekem, ortasha 49 gramm kelisiksiz, jalpaq-domalaq formalı sort. Ekkennen keyin 5—6-jılı miywe bere baslaydı. İyun`nın` ortalarında miyweleri pice baslaydı.

**Axrari.** Boz topıraklı jerlerde jaksı o`sip rawajlanadı, suwıqqa ' shıdamlı. Klyastrerosporioz keseligine shıdamlılıg`ı ortasha da`rejede. Ekkennen keyin 5-6-jıl o`tkennen son` miywe bere baslaydı, zura`a`t beriwshiligi ortasha, 20—25 jastag`ı ag`ashları bir tubinen 60-70kg miywe beredi. Miyweleri maydın` akırı-iyun`nın` baslarında pice baslaydı. Keptiriwge jaramsız, taza pisken turinde paydalanadı.

**Badami.** Qıstag`ı suwıklarg`a qarsı bekkem sort, birak gul burtikleri ba`ha`rdegi suwıkllrdan ha`m ayazlardan jiyi zıyanlanadı, qurg`aqshılıqa shıdamlı. Ekkennen keyin 5-jılı miywe bere baslaydı, biraq tolıq zura`a`tti 20—25 jaslarında beredi sol jaslarında bir tubinen 200 kilogramma shekem miywe beredi. Miyweleri 10- 15-iyul`ge qaray pise baslaydı. Ol jergilikli, asxana sortı kompot, pisirilgen da`mi ha`m murabba turinde konservalaw ushın jaramlı.

**5.5. Shabdal.** Shabdal ag`ashı tez miywe beriwshiligi, jıl sayın o`nim beriwi, miywelerinin` sulıwlıg`ı, kushli o`siwshiligi, sonday-ak mo`jeneli ag`ashlar arasında olar suwıkka onshelli bekkem emesligi menei ajıraladı. Shabdal ag`ashı ekkennen keyin 3—4-jılı bir tubinen 100—150 kilogrammnan miywe bere baslaydı. Shakalı tuplerinin` onday ulken emesli na`tiyjssinde olardı kutip ta`rbiyalaw xa`m miywelerin terip alıw jumısların jen`illetedi, Pisiw muddetleri boyınsha sortlarının` ha`r turli bolg`anlıg`ı arkasında shabdaddın` miywesin iyun` ayının` akırınan baslap oktyabr` ayının` akırına shekem paydalanıwg`a mumkiishnlik beredi. Miyweleri jokarı sapalıg`ı, mazalı ekenligi menen ajıraladı. Olar taza pisken turinde xa`m varen`e, kompot tsukatlar xa`m keptirilgen o`nimler tayarlaw ushın paydalanıladı. Olardı adam organizmi jenil o`zlestirip aladı xa`m vitaminlerge, mineral duzlarg`a bay, gemoglobinnin` payda bolıwına ja`rdemlesedi.

**Ak shabdalı**. Kushli o`siwshi ag`ash, 8 jaska shıkkanda ortasha 4,7 m biyiklikke o`sedi, shakalı basının` qalın`lıg`ı ortasha, domalak-sopak formalı, eni 4,5 metrge shekem jetedi. Miywesinin` iriligi ortasha 54x59x56mm), salmag`ı 100—110 gramm. Miywesinin` tiykarg`ı ren`i ashıq-aq, tup jag`ına qaray jaqtı-jasıl rende boladı. Sırtkı kabıg`ı juka tukli ortasha kalınlıkta, pisken miywesinen kabıgı ansat

alınadı. Eti ak. juka talshıklı, tıg`ızlıg`ı ortasha, shireli, turishli—mazalı da`mge iye, xosh iyisli, jıl sayın ko`p miywe beredi (bir tubinen 70—90 kg). Miyweleri ortasha mudette—18-25- avgust` aralıg`ında pisedi. Miyweleri taza pisken turinde xa`m keptiriu ja`ne konservalaw ushın paydalanıladı.

**Ak erte piser vira**. Ag`ashı kushli o`sedi, shakalı bası ken` sopak,, kalın`. Japıraqları o`tkir ushlı, jokarı karaltım-jasıl xa`m to`mengi ashıq-jasıl redli. Miywelerinin` iriligi ortasha (62, 15x60x 71 mm), salmagı 100—150 gramm, domalaq, sopaklau ha`m kaptalı batıklaw. Eti ak., juka, juda` shireli, tıg`ızlıgı ortasha, kantlı, da`mi juda` jaksı. Ak erte piser Vira shabdalının` suwıqka shıdamlı sortlarının` biri. Asxanada paydalanıu ushın arnalg`an sort, miywesi iyun`nin` ushinshi on kunliginde pisedi.

## Juwmaqlaw

1. A`tir gu`lliler (rozidler) kishi klası ***Rosidae***. Bul kishi klassqa ag`ash, puta ha`m sho`p deneli pu`tin, keskilengen quramalı japıraqlı o`simlikler kiredi. Barlıq miywe ag`ash turleri a`tir gulliler tuqımlası ua`killeri esaplanadı.

2. O`zbekstan miywe ag`ashları orta polyusag`a ha`m Qırımg`a salıstırg`anda eki-to`rt jıl burın miywe beriwge kirisedi, biraq olar az jasaydı. Kelte o`siwshi sabıwshılardag`ı miywe beriwge kirisedi, biraq olar tez miywe beriwshi parodalar sıyaqlı az jasaydı

3. Alma ag`ashı bay assortimentke iye. Onın` erte piser sortları iyun`de pise baslaydı, orta piser sortları iyul` – avgusta, al kesh piser ha`m qısqı sortları - sentyabr`de pisedi. Almanın` gu`zgi – qısqı sortları basqa jaqlarg`a jiberiwge jaramlı boladı, olar arnaulı qolaylastırılg`an joylarda yamasa xolodil`niklerde kelesi jıldın` iyun` ayına shekem saqlanadı, bılayınsha aytqanda xalqımızdın` jıl dawamında taza almalar menen ta`miynlewge boladı.

4. Miywelerdin` quramında qantlardın` ha`m kislotalardın` toplanıwı olardın` pisip jetilisiw mu`ddetine baylanıslı boladı. Jazda pisetug`ın miywe sortlarına orta esap penen 9,48% qant ha`m 0,77 % kislota, gu`zgi sortlarında

sog`an sa`ykes 10,10 % qant ha`m 0,59 % kislota boladı. gu`zde pisetug`ın miywe sortlarına qant a`dewir ko`p boladı.

5. O`zbekstan jag`dayında alma, almurt ha`m shiye ag`ashlarında miywe xa`m o`siwshi burtikleri iyun` ayınan baslap qa`liplese baslaydı, al erik ag`ashı— iyul` ayının` ushinshi on kunliginen, shabdal - avgusttın` birinshi on kunliginen baslap qa`liplese baslaydı

6. Miywe ag`ashının` o`sip rawajlanıwında (P.G. Shitt boyınsha) u`sh tiykarg`ı da`wirdi: o`siw, miywelew ha`m quwraw da`wirlerin ajıratıwg`a boladı.

7. Miywe pitomniklerinde (wyıqlawshı ko`zshe) jazg`ı sabıw usılı ken` turde qollanıladı. Bul jazg`ı sabıw jumısları iyul`din` aqırınan baslanıp, avgust ayında tolıq dawam etip, al senyabr` ayının u`shinshi on kunliginin` baslarında, ol sabıwshılardın` qabıg`ı qatayıp, alınbag`an waqıtta toqtatıladı.

8. Sabıwdın` en` jaqsı muddeti iyun` ayı bolıp esaplanadı. Eger sabıq ag`ash qabıg`ının` ajıralıwı ha`m kombinatsiyalang`an qabattın` shiresi jamanlasqan anag`urlım keshirek muddette islense, bul sabılg`an ko`zshelerdin` to`men da`rejede tutıwına alıp keledi. İyun`da o`siwshi ko`zshe menen sabık islenedi, sabılg`annan keyin aradan eki ha`pte o`tkennen son` sabılg`an ko`zshenin` u`stindegi o`sip turg`an shaqa qırqıp taslanadı.

9. Almurt sortlarında kanttın` murdarı 7.70=11,2l % shamasında, al ortasha ol shiykiley salmag`ının` 9.25 % tin kuraydı. Miywelerindegi kıshqıllık da`rejesi to`men— 0,12 den, 0,72 ge shekem, ortasha— 0.29 % ke shekem jetedi. S vitamininin` ortasha mug`darı 2,22 mg% ke shekemgi aralıkda juredi.

## Insan o`mirinin` qa`wipsizligi

O`zbekstan Respublikasi Joqari ha`m orta arnawli bilim minisitrligi, puqaraliq qorg`aniwdin` baslig`i A. Parpievtin` 28.10.2008 j. №318 sanli buyrig`i ha`m universitet Ilimiy Ken`esi (12.11.2008 j, №2 is qag`azi) qarari tiykarinda tayarlang`an universitet rektorati buyrig`ina (13.11.2008 j. №120 D/1, §4) tiykarlanip «O`mir qa`wipsizligi» pa`nin barliq ta`lim bag`darlari boyinsha talabalarg`a oqiw protsessinde u`yretiw ushin, magistr dissertatsiyasin ha`m baqalavr qa`nigelik pitkeriw jumisin orinlawda pa`nnin` huqiqiy tiykarlari kirgizildi.

“Ja`miyette puxaralardin` huqiqlari ha`m erkinliklerin qorg`aw ta`miyinlengende ol haqiqiy, huqiqiy puxaraliq ja`miyet boladi. Ha`r bir adam o`z huqiqlarin aniq biliwi olardan paydalana aliwi, o`z huqiqi ha`m erkinliklerin qorg`ay aliwi lazim. Bunin` ushin da`slep ma`mleketimiz xalqinin` huqiqiy ma`deniyatin asiriw za`ru`r” (I. Karimov. O`zbekstan XXI a`sirge umtilmaqta, 31 – bet).

XX a`sirdin` 60 – jillarinan baslap is ju`rgizip kelgen puxaraliq qorg`aniw sistemasinin` tiykarg`i waziypasi tinishliq da`wirinde ha`m uris jag`dayinda ma`m-leket xalqin jalpi qirg`in qurallari ha`m basqa xu`jim qurallarinan qorg`aw, uris jag`dayinda xaliq xojalig`i ob`ektlerinin` turaqli islewin ta`miyinlew ha`mde apatshiliq oshaqlarinda qutqariw ha`m tiklew jumislarin o`z waqtinda na`tiyjeli a`melge asiriwdan ibarat edi.

Biraq xaliq o`mirine tek jalpi qirg`in qurallari emes, ba`lkim basqa qa`wip – qa`terlerde qa`wip salmaqta, olardi na`zerden shette qaldiriw hasla mu`mkin emes. Bular ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylar bolip tabiladi.

90–jillarg`a kelip yadro urisi qa`wipi kemeyip, biologiyaliq qurallardan paydalaniw sheklep qoyildi, jan`a – zamanago`y qural tu`rleri oylap tabildi, olar adamlar ushin qa`wipli bolmay, ba`lki ekonomikaliq ob`ektlerdi isten shig`ariwg`a

qaratilg`an edi. Bulardin` barlig`i puqaraliq qorg`aniw sistemasi orninda jan`a bir sistema du`ziliw kerekligin da`llilep berdi.

Puqaraliq qorg`aniw ornin iyelewi mu`mkin bolg`an iri ko`lemdegi ayriqsha jag`daylarg`a a`welden tayarliqti ta`miyinlewshi jan`a arnawli ma`mleket sistemasi iyelewi, ol tinishliq ha`mde uris da`wirinde xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`awi lazim edi. Bul sistema xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw ha`m qutqariw jumislarin o`tkerip qoymay, basqa a`hmiyetli ilajlardi: ta`biyiy apatlardan qa`wipli aymaqlar kartalarin du`ziw, seysmikaliq bekkem bina ha`m imaratlardi quriw, qisqa, orta ha`m uzaq mu`ddetli boljaw jumislarin sho`lkemlestiriwi ha`m xaliq tayarlig`in a`melge asiriwi lazim edi.

Usi orinda ja`ne bir ma`seleni aydinlastirip aliwg`a tuwra keledi. Ayriqsha jag`day degen ne, onnan xaliqti ha`m aymaqlardi qorg`aw degende neni na`zerde tutiwimiz kerek?

Ayriqsha jag`day – adamlar qurban boliwi, olardin` den sawlig`i yaqi qorshag`an ortaliqqa ziyan tiyiwi, materialliq shig`inlar keltirip shig`iliwi ha`mde adamlardin` turmis sharayatinin` izden shig`iwina alip keliwi mu`mkin bolg`an yaqi alip kelgen avariya, apatshiliq, qa`wipli ta`biyg`iy ha`diyse yaqi basqa ta`biyiy apatshiliq na`tiyjesinde belgili bir aymaqta ju`zege kelgen jag`day.

**Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw** – ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardi saplastiriw ilajlari, usillari, qurallar sistemasi, ha`reketler birlesigi.

**Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw** – aldin ala o`tkerilip, ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi qa`wipin mu`mkinshiligi bolg`ansha kemeytiwge, bunday jag`daylar ju`z bergen ta`g`dirde bolsa adamlar den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge qaratilg`an ilajlar kompleksi.

**Ayriqsha jag`daylardi saplastiriw** – ayriqsha jag`daylar ju`z bergende o`tkerilip, adamlar o`miri ha`m den sawlig`in saqlaw, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa tiyetug`in ziyan ha`m materialliq shig`inlar mug`darin kemeytiwge, sonday – aq ayriqsha jag`daylar ju`z bergen zonalardi shen`berge alip, qa`wipli faqtorlar

ta`sirin toqtatiwg`a qaratilg`an avariya – qutqariw jumislari ha`m basqa keshiktirip bolmaytug`in basqa jumislar kompleksi.

Xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda qoyilg`an en` tiykarg`i jumislardin` biri–da`slep Qorg`aniw ministrligi qasinda puqaraliq qorg`aniw ha`m ayriqsha jag`daylar basqarmasinin`, son` usi basqarma tiykarinda **O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` 1996 jil 4 marttag`i PF–1378 Buyrig`i** menen Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` du`ziliwi boldi.

Ministrlik is ju`rgize baslag`annan son` xaliqti ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinin` huqiqiy tiykarin du`ziwshi bir qatar nizam ha`m qararlar qabil etildi.

***O`zbekstan Respublikasi nizamlari:***

**Xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw haqqinda** (1999 jil 20 avgust) – 5 bo`lim ha`m 27 stat`yadan ibarat. Nizam xaliqti ha`m aymaqlardi ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawindag`i sotsial mu`na`sibetlerdi ta`rtipke saladi ha`m ayriqsha jag`daylar ju`z beriwi ha`m rawajlaniwinin` aldin aliw, ayriqsha jag`daylar keltiretug`in shig`inlardi azaytiw ha`m ayriqsha jag`daylardi saplastiriwdi maqset etip qoyadi.

**Puxaraliq qorg`aniw haqqinda** (2000 jil 26 may) – 4 bo`lim ha`m 23 stat`yadan ibarat. Usi nizam puxaraliq qorg`aniw tarawindag`i tiykarg`i waziypalardi, olardi a`melge asiriwdin` huqiqiy tiykarlarin, ma`mleket organlarinin`, birlespe ha`m sho`lkemlerdin` wa`killiklerin, O`zbekstan Respublikasi puxaralarinin` huqiqlari ha`m ma`jbu`riyatlarin, sonday – aq puxaraliq qorg`aniw ku`shleri ha`m qurallarin belgileydi.

**Adamnin` immunitet jetispewshiligi virusi menen keselleniwinin` aldin aliw haqqinda** (1999 jil 19 avgust) – 13 stat`ya. Nizamda AIJS kesellíginin` aldin aliw tarawindag`i ma`mleketlik ta`miyinlew, keselliktin` aldin aliw boyinsha jumislardi qarji menen ta`miyinlew, puxaralardin` ha`m ma`jbu`riyatlarina tiyisli ma`seleler ko`rsetilgen.

**Gidrotexnika inshaatlarinin` qa`wipsizligi haqqinda** (1999 jil 20 avgust) – 15 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti gidrotexnika inshaatlarin joybarlastiriw, quriw, paydalaniwg`a tapsiriw, olardan paydalaniw, olardi rekonstruktsiya qiliw, tiklew, konservatsiyalaw ha`m tamamlawda qa`wipsizlikti ta`miyinlew boyinsha iskerligin a`melge asiriwda ju`zege keletug`in mina`sibetlerdi ta`rtipke saliw bolip tabiladi.

**Awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`aw haqqinda** (2000 jil 31 avgust) – 28 stat`ya. Usi nazimnin` maqseti awil xojaliq o`simliklerin ziyankesler, kesellikler ha`m jabayi ot - sho`plerden qorg`awdi ta`miyinlew, o`simliklerdi qorg`aw qurallarinin` adam den sawlig`ina, qorshag`an ta`biyiy ortaliqqa ziyanli ta`sirinin` aldin aliw menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

**Radiatsiyaliq qa`wipsizlik haqqinda** (2000 jil 31 avgust) – 5 bo`lim ha`m 28 stat`yadan ibarat. Nizamnin` maqseti radiatsiyaliq qa`wipsizlikti, puxaralar o`miri, den sawlig`i ha`m mal – mu`lki, sonday – aq, qorshag`an ortaliqti ionlastiriwshi nurlaniwdin` ziyanli ta`sirinen qorg`awdi ta`miyinlew menen baylanisli qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

**Terrorizmge qarsi gu`res haqqinda** (2000 jil 15 dekabr`) – 6 bo`lim ha`m 31 stat`yadan ibarat. Usi nizamnin` maqseti terrorizmge qarsi gu`res tarawindag`i qatnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat. Nizamnin` tiykarg`i waziypalari shaxs, ja`miyet ha`m ma`mlekettin` suverenitetin ha`m aymaqliq pu`tinligin qorg`aw puxaralar tinishlig`i ha`m milliy tatiwliqti saqlawdan ibarat.

**Qa`wipli islep shig`ariw ob`ektlerinin` sanaat qa`wipsizligi haqqinda** (2006 jil 28 sentyabr`) – 23 stat`ya. Nizamnin` maqseti qa`wipli islep shig`ariw ob`ektlarinin` sanaat qa`wipsizligi tarawindag`i qa`tnaslardi ta`rtipke saliwdan ibarat.

***O`zbekstan Respublikasi Prezidentinin` qarari:***

**Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shkisi ha`diyseleri menen baylanisli ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m olardin` aqibetlerin toqtatiw barisindag`i – ilajlar haqqinda** (2007 jil 19 fevral`, PQ – 585 – sanli). Tasqinlar, sel ag`imlari, qar ko`shiw ha`m jer ko`shki ha`diyseleri menen

baylanisli jumislardi o`z waqtinda ha`m na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, sonday – aq olardin` aqibetlerin tezlik penen toqtatiw maqsetinde qabil etilgen.

***O`zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin` qararlari:***

**O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` jumisin sho`lkemlestiriw ma`seleleri haqqinda** (1996 jil 11 aprel`, 143 – sanli). Qararg`a «O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylar haqqinda»g`i Nizam qosimsha etilgen. Ayriqsha jag`daylar ministrliginin` tiykarg`i waziypalari, huqiqlari keltirilgen.

**O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi haqqinda** (1997 jil 23 dekabr`, 558 - sanli). Qarar menen O`zbekstan Respublikasi Ayriqsha jag`daylarda olardin` aldin aliw ha`m ha`reket etiw ma`mleketlik sistemasi (AJMS) haqqindag`i Nizam ha`m onin` du`zilisi tastiyiqlang`an, ministrlik ha`m idaralardin` xaliq ha`m aymaqlardi ayriqsha jag`daylardan qorg`aw boyinsha funktsiyalari keltirilgen.

**O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`awg`a tayarlaw ta`rtibi haqqinda** (1998 jil 7 oktyabr` 427 – sanli). Qarar ma`mleket xalqin ha`m aymaqlarin ta`biyiy ha`m texnogen qa`siyetli ayriqsha jag`daylardan qorg`aw sistemasin rawajlandiriw maqsetinde qabil etilgen. Qararg`a qosimsha keltirilgen «Xaliqti ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda tayarlaw ta`rtibi haqqinda»g`i Nizam O`zbekstan Respublikasi xalqin ayriqsha jag`daylardan qorg`aw tarawinda, sonday – aq ayriqsha jag`daylarda ha`reket etiwge tayarliqtan o`tip atirg`an xaliq toparlarin tayarlawdin` tiykarg`i waziypalarin, tu`rleri ha`m usillarin belgileydi.

**Ta`biyiy, texnogen ha`m ekologiyaliq qa`siyetli ayriqsha jag`daylardin` sipatlamasi haqqinda** (1998 jil 27 oktyabr`, 455 – sanli). Qarar menen tastiyiqlang`an sipatlamag`a muwapiq ayriqsha jag`daylar ju`zege keliw sebeplerine ko`re texnogen, ta`biyiy ha`m ekologiyaliq qa`siyetli, usi jag`daylarda ziyan kergen adamlar sanina, materialliq ziyanlar mug`darina ha`m ko`lemlerine qarap lokal, jergilikli, respublika ha`m transsshegarali tu`rlerge bo`linedi.

**O`zbekstan Respublikasinda adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`resti ku`sheytiw ilajlari haqqinda** (1996 jil 18 yanvar`, 32 – sanli). Adamlar ha`m haywanlardin` qutiriw keselligine qarsi gu`res ilajlarinin` na`tiyjeligin asiriw, sonday – aq xaliq jasaw orinlarinda iyt, pishiq ha`m basqa u`y haywanlarin ta`rtipke saliw maqsetinde qabil etilgen.

**G`alaba xaliqliq ilajlardi o`tkeriw qag`iydalarin tastiyiqlaw haqqinda** (2003 jil 13 yanvar`, 15 – sanli). O`zbekstan Respublikasi aymag`inda g`alaba xaliqliq ilajlar o`tkeriliwi waqtinda ja`ma`a`t qa`wipsizligin ta`miyinlew ha`m ta`rtibin qorg`aw maqsetinde qabil etilgen.

**Ayriqsha jag`daylardi boljaw ha`m aldin aliw Ma`mleket da`stu`rin tastiyiqlaw haqqinda** (2007 jil 3 aprel`, 71 – sanli). Ayriqsha jag`daylardin` aldin aliw ha`m aqibetlerin saplastiriw tarawinda alip barilip atirg`an jumislar o`nimliligin asiriw maqsetinde qabil etilgen.

Joqarida ko`rsetilgen huqiqiy hu`jjetler tiykarinda oqiw protsessinde talabalarg`a "O`mir qa`wipsizligi" pa`ninin` barliq bag`darlari boyinsha ken` ma`niste tu`sinikler berildi.

O'mir qa'wipaizligi jumıs protsesinde insannın' miynetke qa'biletin, den-sawlıg'ın ha'm qa'wipsizligi ta'miynlew ushin bag'darlang'an nızamlar jıynag'ı sotsial ekonomikalıq sho'lkemlestiriw texnikalıq, gigienalıq, profilaktikalıq ilajlar ha'm qurallar bolıp tabıladı. Miynet gigienası ha'm sanaat sanitariyasın sho'lkemlestiriw ilajları ha'm texnikalıq qurallar jıynag'ı bolıp, ka'siplik keselliklerge ha'm za'ha'rleniwge alıp keletug'ın jag'daylardı azaytıw ha'm pu'tkilley joq kılıwg'a qaratılg'an

Miynetkeshlerdin' den-sawlıg'ın qorg'aw, qa'wipsiz jumıs sharayatların jaratıp beriw qa'siplik keseliklerdi ha'm o'ndirislik jarakatlardı joq etiw O'zbekistan Respublikası hu'kimetinin' tiykarg'ı g'amxorlıqlarının' biri bolıp esaplanadı.

Miynet nızamları kodeksinde h'ayallar miyneti, jaslar miyneti, kollektivlik sha'rtnama, jumıs waqtı jumıs haqı miynetti qorg'aw tarawında qadag'alaw ha'm basqada ma'seleler sho'lkemlestirilgen. Ha'r jılı qa'rxana basqarması menen

kollektiv arasında miynet sharayatın jaqsılaw, jumıs haqı, dem alıw waqtı ha’m basqada huqıq ma’seleleri haqqında sha’rtnama du’ziledi.

Kollektiv sha’rtnamasının’ orınlawın ka’rxana ka’siplik awqamı adminstratsiya menen bir jılda 2 – 3 ma’rte tekserip turadı. 1993-jılı O’zbekistan Respublikasında miynetti qorg’aw haqqında nızam qabıl etildi. Onda O’zbekistan puxaraları ha’m shet ellik puxaralarda miynet iskerligi protsessinde o’mirin ha’m den-sawlıg’ın qorg’aw huqıqına iye delingen. Onda insan o’miri ha’m den-sawlıg’ı o’ndiris na’tiyjelerinen joqarı qoyıladı.

O’zbekistan Respublikasının ministirler kabinetinin’ 7-noyabr 1997 jılı sanlı qararına tiykarlanıp qa’rxanalarda miynetti qorg’aw ma’mleket basqarılıwına o’tkerildi, ha’m bul ma’selede bas juwapker etip miynet ministrligi tayınlandı. Keyin Ministrler kabinetinin’ fevral 1998-jılg’ı sanlı qararı menen qabil etildi.

Miynet qa’wipsizliginin’ tiykarg’ı wazıypaları jumıs orınlarında ha’m onın’ menen baylanıslı jumıs protsesslerinde ju’zege keletug’ın jaraqatlanıw ha’m basqada baxıtsız qa’diyselerdi keltirip shıg’aratug’ın sebeplerdi joq qılıw ha’m mekeme adminstratsiyasının’ xızmetlerine jumıs sharayatın jaqsılap beriwi, qadag’alap turıwı ilim ha’m texnika jetiskenliklerin engiziw tiykarında miynet qa’wipsizligi ha’m qorg’anıw qurallarын u’ziliksiz jetilistiriw, miynet ma’deniyatın asırıw baxıt ha’diyselerdin’ aldın alıwg’a qaratılg’an.

Qa’wipsizlik ha’m talap qag’ıydalarına boysınbayshılıq sanitoriya ha’m gigienalıq normativlerdin’ ha’mde miynet ta’rtibinin’ buzılıwı, jumıs orınlarında jaraqatlanıwı, za’ha’rleniw ha’m ka’siplik keselliklerdin’ kelip shıg’ıwına sebep boladı. Adam denesindegi payda bolg’an jaraqatlanıw zaqımlanıw delinedi.

Jaraqatlar o’ndiris ha’m turmıs jaraqatları ta’sirine qarap mexanikalıq ıssılık ximiyalıq, elektornlı bolıp, bo’linedi. Bulardan baska ka’rxanalarda ka’siplik kesellikler ha’m za’ha’rleniw bolıwı mu’mkin. Ka’rxanalarda ushırasatug’ın jaraqatlar ka’siplik kesellikler ha’m za’ha’rleniwdin’ sebepleri ha’r qıylı. Olar 4 - gruppag’a bo’linedi. Sho’lkemlestiriw sebepleri, gigienalı sebepler texnikalıq ha’m ruxıy fiziologiyalıq sebepler.

Olar to’mendegishe:

-Aqaba suwlarda ha’m hawada zıyanlı zatlardın’ joqarı kontsentratsiyasının’ bolıwı.

-Qolaysız klimat Sharayatları.

-Jaqtılıqtın’ jeterli emesligi

-Tsexlarda Shawqımnın’ normadan ko’p bolıwı

-Sanitariya turmıslıq xızmet ko’rsetiw ka’rxanalarının’ jetispewShiligi yaki olardın’ jaman ahwalda saqlanıwı-JumısShı ha’m xızmetkerlerdin’ meditsina ko’riginen o’tkeriw kestesinin’ buzılıwı h.t.b

Ruxıy fiziologiyalıq sebepler.

-Jumıstın’ awırlıg’ı

-Ha’dden tıs SharShaw

-Jumıstın’ monotonlıg’ı (a’ tu’rliligi)

-O’ndiris ha’m miynet nızamının’ buzılıwı.

-Jumıstın’ psixofiziologiyalıq belgilerinin’ orınlanıp atırg’an jumısqa say keliwi. h. t. b.

O’ndiris jaraqatları, ka’siplik kesellikler, sebeplerin anıqlawda ha’m olar aldın alıwda jaraqatlardı u’yreniwdin’ statistikalıq.topografiyalıq, monografiyalıq ha’m ekonomikalıq usılların paydalanıladı.

Ka’rxanalarda jumısShı ha’m xızmetkerlerdin’ qa’wipsiz islew usıllarına u’yretiw jumıslardı islew sho’lkemlestiriw jaraqatlardın’ kemeyiwine alıp keledi.

# PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR


1. Wzbekiston Respublikasi Prezidenti I.A.Karimovning 2007 yil 19 noyabrdagi “2011 yilgacha bwlgan davrda farmatsevtika tarmog`i korxonalarini modernizatsiya qilish, texnikaviy va texnologik qayta jihozlash dasturi twg`risida”-gi farmoni

2. O`zbekiston Respublikasi Prezidentining qarori “Meva-sabzavotchilik va uzumchilik sohasini isloh qilish bo`yicha tashkiliy chora-tadbirlar to`g`risida” qarori. PF-3709-Farmoni. // Xalq so`zi – 2006 yil 11 yanvar.

3. 2008-jıl 20-oktyabr`de O`zbekistan Respublikası Prezidentinin` UP-4041 sanlı «Azıq-ao`qat eginleri egiletug`ın maydanlardı optimallastırıo` ha`m olardı jetilistirio`di ko`beytirio` is-ilajları haqqında»g`ı qararı.

4. Prezidentimizdin` 2013-jıl 13-marttag`ı «2013-2015 jıllar da`o`irinde Respublikamızda ju`zimgershilikti ja`nede rao`ajlandırıo` is-ilajları haqqında»g`ı qararı.

5. O`zbekiston Respublikasi hududida ekish uchun tavsiya etilgan qishloq xo`jalik ekinlari Davlat Reestri. T., 2006.

6. Aleksenko A.A. Limonning xonada o`sishi – Toshkent: O`z. NIINTI, 1983.

7. Xudoyberdiev Sh.R. O`zbekistonda tsitruslilarning o`sishi.-Toshkent: “O`zbekiston” davlat nashriyoti, 1952.

8. Vırashivanie limona doma/ Jurnal "Tsvetok"M.-2011.-s -34-46.

9. Zadtsev Yu.I., Polyakov. Tsitruslilar xonada.- Toshkent: Mehnat. 1990.

10. Tsulaya V.I. Limonlarni qalamchalash muddatlari haqida “Bog` va poliz” 1955-№1.

11. Nabiev P., Shal`nov V., İbrohimov A. «Shifobaxsh ne`matlar» Tashkent 1980.-18-50b.

12. Sultanova Z., Utambetov A., Xojasov A. «Miyweshilik» No`kis 1996.-3-68b.

13. Samoladas T.X. Limonlarni o`stirish. M.: MSX, 1981.-s-12.

14. Slavkina T.I., Podolskaya O.I.– Dekorativnoye sadovodstvo, Ozeleneniye naselennıx mest. Izd «Mehnat», T. 1981.-12-16 b.

15. O‟tenov T. Qaraqalpaqstannin‟ qala ha‟m awillarinin‟ jasil qurilisi No‟kis, “Qaraqalpaqstan” 1984.-3-31b.

16. O‟tenov T. Qaraqalpaqstannin‟ ag‟ashli-putali o‟simlikleri, olardi paydalaniw ha‟m qorg‟aw. No‟kis “Qaraqalpaqstan” 1987.-5-40b.

17. O‟tenov T. Qaraqalpaqstan respublikasinda ko‟gallandiriw ushin qollanilatugin ag‟ash – putali o‟simlik tu‟rlerin o‟siriw ilajlari. No‟kis. “Qaraqalpaqstan” 1996.-3-10 b.

18. Ostonqulov T.E. Sabzavodlar etishtirish texnologiyasi T., 2003.- 335b.

19. Ostonqulov T.E. Selektsiya va urug`chilik asoslari T., 2003.- 36b.

20. Ostonqulov T.E. Meva- sabzavodchilik va polizchilik amaliy mashg`ulotlar T., 2005.-264b.

21. Muxamadqanov S , Jongurazov F. O‟simlikshunoslikka oid rusch – uzbekcha izoqli lug‟ot. T. “ Mexnat” 1989.-3-30b.

22. Sagitov B ,Otenov T. Adam ha‟m o‟simlik. No‟kis “Qaraqalpaqstan” 1981.-3-22 b.

23. Xaydarov Q.X, Xojimetov Q.X. Q‟zbekiston o‟simliklari // ” Uqutuvchi” Toshkent,1992.-3-42b.

24. Xamidov G. O‟zbekistonning asalli o‟simliklari. Tashkent, 1977.-12-30b.

## Қосымша материаллар
















Прививка за кору без продольного разреза коры.




**Прививка черенком за кору с оставлением шипа:**
1 — с подрезом древесины; 2 — в Т-образный надрез коры черенком с одной почкой.



Простая копулировка с косым срезом.



Улучшенная копулировка с язычками.